ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№86 (20.994) ●2007 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 28, щэбэт ●Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Щэбэт кІуам къыдэкІа "Адыгэ псалъэ" газетым тетащ адыгэпщ Идар Темрыкъуэ ипхъу, Урысей пащтыхь гуащэ Марие (Гуащэнэ) и сурэт гъэщІэгъуэн, Одессэ къалэм щыщ Цыцкъ Валерий къигъуэтыжар. Урысей къэралыгъуэм и пащтыхьым и щхьэгъусэу щыта адыгэ бзыльхугъэм мы и сурэтыр, компьютерым и Іэмалхэр къигъэсэбэпри, абы къытрищІыкІыжащ художник Галушко Виктор. *(Фыкъеджэ 4-нэ нап.)*

ЗыдузэщІын пашщІэ

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

КЪБР-м и Президентым и псалъэ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан***трихащ.*

Къанокъуэ Арсен ирилъэдэкуэкІащ КЪБР-м и Президентым деж Лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэнымрэ демографие Іуэхуэхэмкіэ щыІэ советым и зэІущІэ.

ПЭУБЛЭ псалъэм Президентым пыуыкІауэ къыщигъэлъэгъуащ УФ-м и Президент Путин Владимир къэралым и Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщыхигъэща Іуэхугъуэхэм ябгъ иткІэ республикэм щызэфІэхын хуей лэжьыгъэр.

- Дэ зыдужьыныкІэ хэкІыпІэфІхэр диІэщи, щыхуэхэм ар зыхащІэн, фІэщхъуныгъэ яхэлъхьэн хуейщ, - жиІащ Президентым.

«Егъаджэныгъэ» проектым теухуауэ къэпсэльащ КЪБР-м Егъаджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий. Абы зэрыжиІамкІэ, мы гъэм сом мелуан зырыз еджапІэ 25-м иратынущ, щІэблэм щІэныгъэ егъэгъуэтыныкІэ Іэмалыкфіхэр къэзыгъэсэбэпхэр наІуэ къащІуэ. Федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу егъэджакІуэ нэхъыфІу 86-м сом минищэ зырыз, республикэ зэхъэзэхуэхэм щытекІуа щІыхь 14-м сом мин 30 УФ-м и Президентым и саугъэту иратынущ.

ЗэІущІэм къыщыпсэльащ лъэпкъ проект нэхъыщхьэхэр зэгъэщІэлІа нэгъуэщІ министерствэхэми я унафэщІхэр. Абыхэм жаІам иужькІэ нэхъ пыухыкІауэ фыщыдгъэгъуэзэнущ.

Берд Хьэрэтэлий Александр и къуэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэу хэхыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 99 статьям и Іыхьэ 1-м, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 11 статьям япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. **Берд Хьэрэтэлий Александр и къуэр** Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэу хэхын.
2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2007 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№1093-II-П

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2007 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м ***№190-рп***

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІыналъэм жэщми махуэми мардэм къезэгъыу хуабэр зэрыщыІэтеувам кьыхэжІыу:

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ пэуп1э-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм кьалъэн щыщІын, республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я администрацэхэм чэнджэщ етын 2006 - 2007 гъэхэм я щІымахуэ лъэхъэнэм хиубыдэу унэхэр зэрагъэпэтыр 2007 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м щыІэ хабзэхэм тету яухыну.

2. Мы унафэр республикэм и щІыхьэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм кьыщытедгэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ЯРИН Андрей

Зэкъуэтыныгъэм и дамыгъэ ирехъу!

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэмрэ Профсоюзхэм я федерацэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІыхуэм ЗЭРЫЗЫХУАГЪАЗЭР

Ди хэкуэгъу льапІэхэ!

Хабзэ хъуауэ, къэрал ку здым Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэу ягъэльапІэ накьыгъэм и 1-р къоблагъэ.

Накьыгъэм и пэщІэдзэр мамырыгъэм, лэжьакІуэ щІыхубзмрэ льэпкъхэмрэ я зэкъуэтыныгъэм я дамыгъэу ильэсищэм щІигъуауэ кьоКІуэкІ.

ГъащІэрыпсэухэм я зэкъуэтыныгъэр Іэмал нэхъ льэщ дыдэщ дунейпсо экономикэр зэпеуэ тКІипм щыхэт, лэжьапІэнщэхэмрэ ку эмыщІауэ псэухэмрэ куэд щыхьуа льэхъэнэм лэжьакІуэхэм я хуитныгъэхэр хьумэнымкІэ, щыхур щхьэхуиту лэжьыгъэм, социальнэ зэхуэмыдэныгъэр, залымыгъэр, терроризмэр кьэмыгъэхъуным щІэбэныимкІэ.

Накьыгъэм и пэщІэдзэ гуфІэгъуэм дэ дыІоущІэ ди республикэм и дежкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ лъэхъэнэм - Урысей къэралыгъэ уэм дызэрыхьыхьэрэ ильэс 450-рэ зэрырикъур гъэльапІэным зыщыхуагъэхьэзыр зэманым.

Ди лъэпкъхэр зэи текІакъым ятауэ щыта псальэм икІи я кьуэш урыс лъэпкъым щыгъуу тхыдэм и гъуэгуанэ мытынщ кьызэпачащ. Льэпкъ кущ зэрыс ди республикэр мы зэманым щІэныгъэрэ акъылкІэ кьулейщ икІи абы кьыхэкІыу ильэс гъуэнэгъуэхэм кьриубыдэу социально-экономикэ зыужьыныгъэ нэс игъуэтынущ.

Гугъ уехьэр нуэд хьу пэ тми, Къэбэрдей-Балькъэрым зэхъуэкІыныгъэ хъарзынэхэр щекІуэкІащ, иджыри щокІуэкІ. 2005 гъэм елытауэ валовэ щІыналъэ продуктым проценти 4,2-кІэ, промышленностым продукцэу кьыщІигъэкІым проценти 8-м нэблагъэкІэ хэхъущ. Ауэ экономикэм зпужьу зэрыхуеужьар иджыри щІэгъэкъуэныщхуэ хьуркъым республикэми, цІыхуэхми я псэукІэр егъэфІэкІуэныкІэ. КъаІэрыхьэ хэхъуэм тещІыхьауэ нэхъри зэпэІэщІэ мэхъу хуэмыщІауэ псэухэмрэ кьулейхэмрэ. СНГ-м и къэралхэм ящыщу Урысейм нэхъ мащІэ дыдэу ят улахуэхэмкІэ еханэ увыпІэр, пенсэхэм я инагъымкІэ етхуанэ увыпІэр ильагъу аращ. Пенсэхэр тыныкмІэ Іэнатім щрагъэкІуэкІ реформэм кьыз эригъэпэщыркъым цІыхуэ иІа улахуэм пэхъун пенсэ Іэрыхьэн зэрыхуейм теухуа дунейпсо хабзэр гъэзэщІэныр.

Апхуэдэу мы зэманым кьалэну кьагъэув цІыхуэхэм я хэхъуэр кьэІэтыным, гуащІэрыпсэухэм социальнэ, правовой я льэныкъуэкІэ кьащхьащхьэным хуэунэтІауэ законым кьриубыдэу щыІэ Іэмал псори кьэгъэсэбэпын хуейуэ.

(КІэухыр 2-нэ нап итщ).

Хьэрэдурэ Аллэ псом япэ йощ

● Хъыбар гуапэ

Журналист ныбжьыщІэхэм я IX республикэ зэпеуэм кьрикІуэхэм жюрир хэпльэжащ. Къэбэрдей-Балькъэрыр Урысеим зэрыгухьэр ильэс 450-р зэрырикъум хуагъэпса а зэпеуэм хэтащ республикэм и кьалхэмрэ районхэмрэ я еджакІуэ 89-р. Абы щытекІуахэр дыгъуасэ щагъэлъэпІащ Сабий творчествэмкІэ республикэ унэм.

АР КЪУЭЗЭРАГЪЭПЭЩАЩ КЪБР-м ЩІэныгъэмрэ егъэдэкІыгъэмкІэ, ЩІэпхабзэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ министерствэхэм, КЪБР-м и Журналистхэм я союзым, Сабий творчествэмкІэ республикэ Унэм. Адыгэбзэкіэ ятха лэжьыгъэхэр зэрыхьэр щІы кьудейт, ауэ дэтхэнэри гъэщІэгъуэнт, зэгъэкІуат. Абыхэм ящыщу япэ, етІуанэ увыпІэхэр зэдагъэшащ Курп Ипщэ (Тэрч районым) кьуажэм и курыт еджапІэм щІэс Хьэрэдурэ Аллэрэ ХьэтІохъуащыкъуей (Бахьсэн район) кьуажэм дэт лицей №1-м и еджакІуэ Кьуэдзокьуэ Сэтэнейр.

«Адыгэ псалъэ» газетым ныбжьыщІэхэм языхэзи гулыгъэнШэу кьигъэнакъым. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, газетым и редактор нэхьыщхьэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд зэпеуэм хэтахэм якІриащ адэкІи я кьалэмыпэр ягъэбзэну, абыхэм журналист Іэщ1агъэр кьыхэзыхьи кьахэкІмэ эригуапэр иКІи редакцэм игъэхъэзыра саугъэтэр яритащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Нэгузыужь Іуэхухэр

Прохладнэ къалэм Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэр гъэпъэпІэныр щыщІидзэнущ пщэдджыжьым сыхьэтыр 10-м.

ГЪЭ КЪЭСИ хуэдэу, цІыхубзэр зыхэтыну пэкІр екІуэкІа нэужь, нэгузыужь Іуэхугъуэм «Водник» кинотеатрым щыщІидзэнущ. Абы кърихьэлІэнущ Прохладнэ куейм ис пщІэ зыхуащІ нэхъыжьэр районыр зэрыгушхуэ лэжьакІуэхэр, щІалэгъуалэр. Кинотеатрым и залышхуэм концерт щатынущ Прохладнэ щІыналъэм и артистхэр, школакІуэ цІыкІуэр хэту, спорт зэхьэзэхуэхэр езы кьалэм куейм хиубыдэ жьлагъуэхэми щекІуэкІынущ. Апхуэдэу кьалэ утыкум щагъэпъэгъуэнущ театр теплъэгъуэхэр.

ЛЪОСТЭНМуэз.

«Химки-Д» (Химки) - «Спартак-Налшык-Д» (Налшык) - 1:4

○ Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм хэт командхэм я дублерхэм я зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ, дыгъуасэ Химки кьалэм щекІуэкІа зэІущІэм апхуэдэ бжыгъэ кьрикІуащ. Ди щІалэхэм ящыщу топхэр дагъэкІащ Васин Виктор, ДыщэкІ Аслъэн (2), Узденов Роман сымэ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Гъатхэм и бзэ

Гъатхэм и бзэр хэт зымыщІэр?
Гъыбзэм псальэ щІремыльэ.
И уэрэдыр зэхэзыхыр
ПІэм нэху щауэ пхухэмыльэ.

Гъатхэм и бзэм къуаалбэуи,
Удзи, хади щогуфІыкІ.
И уэрэдыр зэ жиІамэ,
Псэ зыІутым ягу имыкІ.

Гъатхэм и бзэр бзэ Іэфіыщэщ -
Си щІэщыгъуэу нэху согъэщ.
Льагъуныгъэр зэрыпсалъэр
Гъатхэм и бзэу щІы уи фІэщ.

Щыхум и бзэр зэхуэмыдэ,
Я щІыналъэри зэмыщхь.
Ныкъуэкъуэныр я кум дэлъщи,
ЗылъэмыкІыр иракъухь.

Псы кІыуари мэхъу гумащІэ,
ЯлъэІэсмэ зиІу гъущІам.
Зэхуэгубжьхэр зэкІужынут,
Я бзэр тІуми зэрыщІам.

Гъатхэр гуфІэу кІыІуплъамэ,
ЩІыльэ щхъуантІэр мэхъур псэф.
Зэнэзэпсэу фыпсэунум,
Гъатхэм и бзэр зэвгъэщІэф.

КІыщокъуэ Алим



Сурэтхэр **КОЗУБ Валериерэ МАМИЙ Руслан***рэ трахащ.*

● Обозревателым и псалъэ

Дунейм и щІэрэщІэгъуэ

Мыгъэрей гъатхэм хуабжьу зрильэфыльащ: щІымахуэр щабэу щытами, щІыІэкІэ, уэтІысытІкІэ иригъэкъуэжащ. Арщхьэкіэ, нужь махуэхэм гъатхэм и къарур игъуэтыжащ.

НАКЪЫГЪЭ мазэ льапІэм ирихьэлІэу жыгхэр зэщІогъагъэ, щІым удэхэр кьытеуващ. КІэщІу жыпІэмэ, дунейм и щІэрэщІэгъуэр къэзащ. Ильэс куэдкІэ абы быдзу пыщІауэ СССР-ми нэгъуэщІ къэрал зыбжанэми щагъэльапІэ гуфІэгъуэм - ГуащІэрыпсэухэм я дунейпсо зэакьылъэгъуныгъэм и махуэм - Накьыгъэм и 1-м. Мыбы дальагъурт цІыхуэхэм я псэукІэр ефІэкІуэныр къэзышэну нэщэнэхэм ящыщ зыр. ЩІыхуэхэр щыгъын гъэщІэрэщІахэмкІэ хуэпауэ уэрамхэм кьыдыхьэрт зыр зым гуапэу екъуэхьуу. Москва дэ парад, щІыналъэ щыхьэрхэм щыху куэд зыхэт пэкІуэхэр щрагъэкІуэкІырт. А псори тхыдэм хьихьэжащ.

Арщхьэкіэ езы махуэшхуэр кьэнащ. Иджы ар Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэ хьуащ.

Накьыгъэм и 1-р къыщІэтехьэкІар мис а гъатхэмрэ лэжьыгъэмрэщ. Тхыдэ мыжьжьэм дриплъэжьыщи, Урысейри яхэту, къэрал куэдым гуащІэрыпсэухэр щыдакъуэзэрт. Ар яхуэмыхьыжу дэжьакІуэхэм зыкъаІэтырт. Апхуэдэ XIX лЭщІыгъуэм кьыщыхьуащ США-м. Абы и кьалэ Чикаго и уэрамхэм кьыдыхьащ гугъу ехьу ягъэлажьэ, ауэ хуэфащэ улахуэ зрамыт щІыхуэхэр. Абыхэм кьагъуэрыт махуэм зэрылажьэр сыхьэти 8 ящІыну. ЗыкъэзыІэтахэм яхэтт зи фэр фІыщІэ щІыху куэд. Ахэр бэлыхь тІуащІэ хэтт: зэрагъэщІыІым и мызакъуэу, расэ зэхэгъэжьынигъэри кьажьэхэуэрт. Властхэр гущІэгъунщэу кьыщІэкІащ: абыхэм мыарэзыхэм ираутІыпщащ полицэр. ЩІыху куэд укІыгъэ хьуащ. Мис апхуэдэ хьэкІэ-кхъуэкІагъэр зэрамыдэр игъэльагъуэу, Социнтерным унафэ кьыщІащ: залымыгъэ щыэрахьа махуэр - Накьыгъэм и 1-р - ГуащІэрыпсэухэм я зэакьылэгъуныгъэм и дунейпсо махуэу ягъэувыну.

Накьыгъэм и 1-р Урысейм япэу хунту щагъэлъэпІар 1917 гъэрщ. ИужькІэ СССР-ми ар щагъэуващ къэралым щаІэт гуфІэгъуэхэм я нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыуэ.

Абы лъандэрэ псы куэд ежьхащ. Къэралхэми цІыхуэхэми я псэукІэми захъуэжащ. Октябрь революцэм хуабжьу игъэшына США-р, кьуэхьэпІэ къэралхэр теуващ. цІыхуэхэм нэхъ гъащІэфІ кьахуэзгъэпэщыным и гъуэгум. Пэжщ, езым зэрызихьумэжыным зэпымыууэ егупсысын хуей икІи бий зи куэд СССР-м ар хуэзфІэкІакьым: ди цІыхуэхэм я псэукІэм зрагъэужьыфакъым. Ауэ КъухьэпІэм екъулІэныгъэ ин дыдэхэр зыІэригъэхьащ. Мыбы лэжьакІуэ цІыхуэр зыхуей ягъуэту щопсэу.

Иужь ильэсхэм Урысейми хуабжьу зиужьу хуежьащ. Ди къэралыр яхьащ ахъшэшхуэ зиІэхэм. Арщхьэкіэ, ди жагъуэ зэрыхьунщи, цІыхуэхэм я псэукІэр иджыри тэмэмкъым. Ауэ, шэч хэмылъу, урысейхэми я Іуэхуэхэр апхуэдэу куэдрэ екІуэкІынукъым. Ар щыубзыхуащ УФ-м и Президент Путин Владимир иджы дыдэ Федерацэ Зэхуэсым зыщцыхуагъэхьэзыр зэманым.

Ди лъэпкъхэр зэи текІакъым ятауэ щыта псальэм икІи я кьуэш урыс лъэпкъым щыгъуу тхыдэм и гъуэгуанэ мытынщ кьызэпачащ. Льэпкъ кущ зэрыс ди республикэр мы зэманым щІэныгъэрэ акъылкІэ кьулейщ икІи абы кьыхэкІыу ильэс гъуэнэгъуэхэм кьриубыдэу социально-экономикэ зыужьыныгъэ нэс игъуэтынущ.

Гугъ уехьэр нуэд хьу пэ тми, Къэбэрдей-Балькъэрым зэхъуэкІыныгъэ хъарзынэхэр щекІуэкІащ, иджыри щокІуэкІ. 2005 гъэм елытауэ валовэ щІыналъэ продуктым проценти 4,2-кІэ, промышленностым продукцэу кьыщІигъэкІым проценти 8-м нэблагъэкІэ хэхъущ. Ауэ экономикэм зпужьу зэрыхуеужьар иджыри щІэгъэкъуэныщхуэ хьуркъым республикэми, цІыхуэхэми я псэукІэр егъэфІэкІуэныкІэ. КъаІэрыхьэ хэхъуэм тещІыхьауэ нэхъри зэпэІэщІэ мэхъу хуэмыщІауэ псэухэмрэ кьулейхэмрэ. СНГ-м и къэралхэм ящыщу Урысейм нэхъ мащІэ дыдэу ят улахуэхэмкІэ еханэ увыпІэр, пенсэхэм я инагъымкІэ етхуанэ увыпІэр ильагъу аращ. Пенсэхэр тыныкмІэ Іэнатім щрагъэкІуэкІ реформэм кьызэригъэпэщыркъым цІыхуэ иІа улахуэм пэхъун пенсэ Іэрыхьэн зэрыхуейм теухуа дунейпсо хабзэр гъэзэщІэныр.

Апхуэдэу мы зэманым кьалэну кьагъэув цІыхуэхэм я хэхъуэр кьэІэтыным, гуащІэрыпсэухэм социальнэ, правовой я льэныкъуэкІэ кьащхьащхьэным хуэунэтІауэ законым кьриубыдэу щыІэ Іэмал псори кьэгъэсэбэпын хуейуэ.

(КІэухыр 2-нэ нап итщ).

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Мамхэгъ Алексей Шу и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и полномочиехэр я пІалъэр къэмысу щхьэщыхьыным и Іуэхущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іуэхущ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4 статьям и ятІэ Іыхьэм и «а» пунктым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутату Малэ Къэбэрдей зы мандат хэхьилІэ округ №43-м щыхаха Мамхэгъ Алексей Шу и къуэм и полномочиехэр я пІалъэр къэмысу щхьэщыхьын.

2. Мы Унафэм кІуру егъуэт къыщыщта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Напшьк къалэ
2007 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№1086-ПІ-П

Пащты Борис Сультан и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и полномочиехэр я пІалъэр къэмысу щхьэщыхьыным и Іуэхущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іуэхущ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4 статьям и ятІэ Іыхьэм и «а» пунктым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Республикэм зы мандат хэхьилІэ округ №22 Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутату щыхаха Пащты Борис Сультан и къуэм и полномочиехэр я пІалъэр къэмысу, 2007 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м щыщІэдзауэ, щхьэщыхьын икІи ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, спортымкіэ, туризмэмкІэ, цІыхубз хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и комитетым и унафэщІым и кулыкъым тегъэкІын.

2. Мы Унафэм кІуру егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Напшьк къалэ
2007 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№1087-ПІ-П

ХъутІэ Мухьэмэд Щыхьымджэрий и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и полномочиехэр я пІалъэр къэмысу щхьэщыхьыным и Іуэхущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іуэхущ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4 статьям и ятІэ Іыхьэм и «а» пунктым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм къыбгъэдэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутату республикэ хэхьилІэ округ зэгуэтым щыхаха ХъутІэ Мухьэмэд Щыхьымджэрий и къуэм и полномочиехэр я пІалъэр къэмысу щхьэщыхьын.

2. Мы Унафэм кІуру егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Напшьк къалэ
2007 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№1088-ПІ-П

Шугалей Ларисэ Владимир и пхъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и полномочиехэр я пІалъэр къэмысу щхьэщыхьыным и Іуэхущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іуэхущ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4 статьям и ятІэ Іыхьэм и «а» пунктым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Урысей Федерацэм и Коммунист партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм къыбгъэдэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутату республикэ хэхьилІэ округ зэгуэтым щыхаха Шугалей Ларисэ Владимир и пхъум и полномочиехэр я пІалъэр къэмысу щхьэщыхьын.

2. Мы Унафэм кІуру егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Напшьк къалэ
2007 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№1089-ПІ-П

Іэпщэ Заур Борис и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмкіэ, къэрал ухэныгъэмкіэ, щыпІэ самоуправлензм и Іуэхухэмкіэ и комитетым и унафэщым и къуэдзэм и кулыкъур щхьэщыхьыным и Іуэхущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22 статьям ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Іэпщэ Заур Борис и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмкіэ, къэрал ухэныгъэмкіэ, щыпІэ самоуправлензм и Іуэхухэмкіэ и комитетым и унафэщым и къуэдзэм и кулыкъур щхьэщыхьын.

2. Мы Унафэм кІуру егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Напшьк къалэ
2007 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№1091-ПІ-П

Гилиев Борис Ибрахьим и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Парламент лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныгкіэ, регламентымкіэ, депутат щэнхабзэмкіэ и комитетым и унафэщым и къуэдзэм и кулыкъур щхьэщыхьыным и Іуэхущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22 статьям ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **Унафэ ещІ:**

1. Гилиев Борис Ибрахьим и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Парламент лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныгкіэ, регламентымкіэ, депутат щэнхабзэмкіэ и комитетым и унафэщым и къуэдзэм и кулыкъур щхьэщыхьыным и Іуэхущ.

2. Мы Унафэм кІуру егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Напшьк къалэ
2007 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№1092-ПІ-П

Зэуэ цІыхухэуитІ

Дыгъуасэ пІащ эи ныбжьыр илъэс 81-м ит виолончелист гъэзэрдж, дуней псом щыІэныгъэрІуэ Ростропович Мстислав.

Ахэр зэуэ и ныбжьыр илъэс 82-м иту дунейм ехьжащ актер цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубз артист Лавров Кирилл. Абыхэм я гъащІэ псор гъуэдзжэн хуэпсэжьынкІэ теухуауэ щытащ.

Президент Путин Владимир яхуэгъэзващ пІаэхэм я унагъуэхэмрэ Іыхьлыхьэмрэ.

Кърашыжьыным и телъхьэу

США-м и Конгрессым унафэ кІэщтащ американыдзэхэр Иракым и щыналъэм кърашыжьыным теухуауэ.

А Іуэхум щІадзэн хуейщ мы гъэм и бжьыхьэм. Пэжщ, идкьпстуи гурыІуэгъуэщ президент Буш Джордж я унафэр зэрыпхомыгъэкІынур. Ауэ Унэ хужьым Іэрыльэну къыщІэкІынукъым американыдзэхэр дяпэкІэ Ираким щыІэным тригъэкІуэдэн папщІэ хуаутІыпщыну зыщІэлъэІуа доллар мелардхэр.

Зэгъусэу екІуэкІащ

Владивосток и гъэнэгъуэ хы Хуэмым зэгъусэу зыгъэзэныгъэ Іуэхущ щрагъэжьэкІащ Урысеймрэ Индиемрэ Іэщэкіэ зэщІэуэзэда я къарухэм.

Ахэр хэзыгъэтІауэ щытащ пиратхэмрэ террористхэмрэ япэщІэтыным. Бзэ зырызкІэ псалъэми, лъэныкъуэхэр сыт хуэдэ Іуэхукіи зэгурыІуащ.

Къахуэгуэпакъым

Украинэм и президент Ющенкэ Виктор и щхьэгъусэ Екатеринэ Къырымым щыІащ. Ауэ ар мыбы гуапэу щрагъэблагъакъым. Уебпэмэ, зыныкъуэ щыпІэхэм къащыцыуащ ар а щынапъэм зэрыкІуар ямыдзу.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, Къырымым щыпсэухэм я нэхъыбэм ядэркъым Радэ Нэхъыщхьэр зэбгрыуГыпщыкІыжьыным теухуауэ президент Ющенкэ Виктор къыщта унафэр. *(ИТАР-ТАСС).*

Пліанэлэр зыгъэхьэзырар **ШАП Мухьэмэдщ.**

Гуэлу тпщ гуфІу тхьапэ гуэлу гуфІу тпщ.

Зэкъуэтынытъэм и дамытъэ ирехъу!

(КІэухыр. Пэщідэзэр 1-нэ нап.)

Псэныгъэр егъэфІэкІуэным и лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ республикэм и Профсоюзхэм я федерацэмрэ зэдаращ иКІи абыхэм зэщІыгъуу я къалэнхэр дагъэкІыну я мурадщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым Парламентым Зэрызыхигъэзам щыубзыхуащ дызэрыт илъэсым зэгугъуфлъхьэ программэхэмрэ гъэзэщІэныжьмкІэ властымрэ управленэрэ я органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм кьабгъэдэхуэхэр.

Лэжьаплэ зытхэмрэ лэжьакІуэхэмрэ я къалэнщ экономикэм зегъэужьыным, иджьпстуи щыІэ ехьулІэныгъэхэм зегъэубгъуным зэщІыгъуу т елэжьэну, Іэнатіэ псоми щыІэ ефІэкІуэныгъэ хэм хагъэхъу зиц.

Щыхуэ лэжьапІэкІэ кьызэгъэпэщыныжьмрэ абыхэм дзыкъащІэу яхуэфащэм хуэдиз етыныжьмрэ, пенсионерхэм, мыльжьэжьыфхэм псэныгъэ и лъэныкъуэкІэ защІэгъэкъуэныр, узыншагъэр хъумэнымрэ егъэджэныгъэмрэ зегъэужьыныр зэлъытар экономикэм кьит фейдэщ. Социальнэ Іэнатіэр кьэІэтыным зэщІыгъуу лъэныкъуэхэм я кьалэнщ кьарууэ яІэр кьэув ин чэзу Іуэхуэр дэгъэкІыным, езыхэм я лэжьакІуэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным хуэзщІагъэуІэну. Мыхьэнэшх уэ зиІэ а лэжьыгъэм цІыху псори кьыхэша хьумэ, ехьулІэныгъэ дыззэриІэнум шэч кьыщыІтепхъэн щыІэкІэм.

Ди хэкуэгъу лъапІэхэ! Накьыгъэм и пэщІэдзэ махуэр гъэлъапІэныр хабзэу кьекІуэкІ кьудейуэ аракьым, ар пыщІащ дунейпсо зэкъуэтынигъэр гъэбыдэными. А махуэм республикэм и гущІэрпсэухэм щыІэныгъэ нэсрэ зыхъщыкІрэ хэльу кьагъэльэгъуэ зи хуейщ ди Урысеймрэ хуэдэ кьэрал кІуэлейм щыхуэхэр апхуэдизу хуэмышІауэ щыпсэуныр кьыхэремыязгъэр.

Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм быдзу я фІэщ мэхъу накьыгъэм и пэщІэдзэ махуэм гуащІэрпсэухэр, щыхуэу щыІэр быдзу зэрызэкъуэтыр аргуэру зэ наІуэ кьызэрыхъунур, ди жылагъэр нэхъри зэкъуэузвэныкІэ ар эхкІыпІэщІэу зэрыувынур.

Ди гуапэ у дыныбжьхэу зкъу Гъатхэм, Лэжьыгъэм я махуэмкІэ! Мамырыгъэр зэгурыІуэныгъэрэ, насыпрэ ефІэкІуэныгъэрэ фэрэ фи унагъуэхэми фиІэну!

Республикэм щыпсэухэрэ ди хьэщІэхэр кьыдогъэблагъэ «ГущІэрпсэухэм я хуитныжьгъэ хъумэн! ГъащІэ тэмэм кьызэгъэпэщыни!» кьыхуеджэныгъэм щІэту екІуэкІыну гуфІэгъуэ дауэдапщэх эм жьыджэру кьыхьихьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ЯРИН Андрей
Къэбэрдей-Балъкъэрым и Профсоюзхэм я фе дерацэм и тхьэмадэ ТАУ Пщыкан

Нэхъ-ныкьыж лъандэрэ адыгэхэм кьадокІуэкІ «ПІэужьыр бжьыблкІэ мауэ», «Псыпэр зэрыжьэм псыкІэр ирожэ» псалъжьхэр. Щыхур кьызыхэкІа лъэпкъым кьаруушуэ бгъэдэлъщ: абы зыкъомкІэ елъытащ псыкІэм здиунэтІынур. Ауэ мыбдежьм мыхьэнэшхуэ иІэщ унагъуэм щекІуэкІ гъэсэныгъэм и кууагъэми абы и куущІэ нэхъыщхьэмэ, Псом хуэдэжкъым быныр адэ-анэ зэгурыІуэм зэдэуэуэ ягъасэмэ, лэжьыгъэм зыныІуиныдзу, и щхьэ ищІыжьыфыщ хуэдэу ягъэзэнэмэ. Гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкІэ адэм и псалъэм иІэ кьаруумрэ мыхьэнэмрэ зыкІи сымыгъэльэхьэшъу, кьыжьыкІэну сыхуейт абы и лъабжьэр зыгъэпІытыр жьэгу пащхьэм и хъуакІуэ сакъ анэрауэ зэрыщытыр. Апхуэдэхэм ящыщщ сэри нобэ кьалэмыр кьыщІэсщтар. Ар зи ахьэрэтыр нэхъ хуэдэ Кьанокъуэ (Жэмборэ) Фусэщ.

«НЫБЭРЭ бынкІэ зэхуэмыдэ щыІэкъым», жаІэми, анэ псорэ зы пщащхьэм хуэкІуэу, зы мардэм тету щыткъым. Зэхуэдэкъым ахэр ябгъэдэлъ псэ хъулеягъкІи, гу хуабагъкІи, псэ емыблэжаГькІи. Языныкьуэхэм апхуэдэ хьэнщІыныр кьомэщІэкІри, я щхьэм фІахьыу адрейхэм, ар я бын дыдэу щытми, абыкІэ яхуэупсэфкьым. Ауэ щыІэщ нэгъуэдхэри. Абыхэм я гу хуэбагъкІэ яГьэнщІыфыр я быным и закъуэкъым, атІэ ар кьуажэ псом яльоІэсыф. Иужьрейхэм я щапхъэщ Фусэ. Абы и псалъэ Іущхэр гъуэгугъэльагъуэ зыхуэхьуар и бынхэм я закъуэкъым. Фусэ гъащІэм гъагъуэ зэгъэныгъэм щытригъэувэфащ лэжьыгъэм япэ лъэбакъуэр щыхьиа ІэщІагъэлІ ныбжьыкІэ куэд, лъэпощхьэпохэм зэрапэльэщщыпхъэм щІигъэдэІуу, гъэсэныгъэрэ щІэныгъэрэ зебгъэдилъхьэу.

Фусэ япэу кьыщыцІыхуар лэжьэн щыщІэдзагъэщІэращ. Зэман кьуэд дэкІащ абы лъандэрэ, ауэ гъащІэм хьихь кьудей сэ щІалэщІэм ныгъэ збгъэдэлъми, лэжьыгъэ гъуэгуанэм сытеувагъащІэхэм, цІыху хэтхьэкІэ и лъэныкъуэкІэ зыщыщымыгъуазэ куэд щыІэт. Фусэ езыр щапхъэт апхуэдэ псомкІи. Абы и гу жанагъымрэ хэпІ гущІэгъуэмрэ куэдым гъуэгугъэ-лъагъуэ яхуэхъурт. Анэ Іэплі щабэу зыкъуишэкІырт абы и ущием. Фусэ и фІыщІэу солъытэ сыт хуэдэ щытыкІэ гъащІэм сримыгъэувами, цІыхугъэр, напэр япэ изгъэщу сызэрыпсэур. ФІым и кьежьапІэр лэжьыгъэу, пэжыгъэу зэрыщытыр Фусэ и пІэсэныгъэ Іэмахэм я лъабжьэт. Щэч хэпкъым, абы и бынхэри зыхунэтІар, зыхуищІыяр апхуэдэ Іуэхуфі кьудейхэу кьызэрымыпэжыр. Абы и щыхьэт хъу щапхъэхэр нобэрей ди гъащІэм и нэщэнхэм ящыщщ.

Зи лэжьыгъэ Іэнатіэр псэ хьэлэмкІэ езыхьэкІ Фусэ сыт щыгъуи япэ иригъэщыр и жьэгу пащхьэмрэ и бынунэмрэт. УнэгъащІэм и пщэрыпІ кьалэнхэр нэсу игъэзащІэрт абы. Пасэрей бзыльхъугъэ гъэсэкІэ нэгъэса зыбгъэдэлъым щыІэныгъэрэ тепыІуэ хэпльым удахьжырт. Щэч хэпльхьым, апхуэдэ щытыкІэ екІур Фусэ кьызыхэкІа Жэмборэхэри я унагъуэ хабзэу зэрыщытам, абы кьриха пщІэри нэмысри кьызыхэкІа Кьанокъуэхи зэрыщихьумам. Ар езыр зэи щхьэхакъым, и кьаруу еблэжакъым и унагъуи, лэжьыгъи, утыку ит щхьэгъусэри зыхуеи хуэгъэзэнымкІэ. ПІэупкъым и щыху нэс гъэсэным тещІыхьат абы и гъащІэ псор.

Ныбжьыр зы мардэ гуэрым нэса ноужьщ кьыщыбгурыІуэр зыгуэрым бынынфІ иПІами, гъэсэныгъэ тэмэм, щІэныгъэ лъагэ бгъэдилъхьами ар жылагъуэ псом и деж-кІи мыхьэнэшхуэ зиІэ кьулеягъыу зэрыщытыр. Арауэ кьыщІэкьынщ «Щалэм кьыгурыІуам, жьым хуэзфІэкІам», щІыжьаІэр. А цІыху губзыгъэм и гуащІэм кьриІэкІуа хьерыр лъэпкъ кьулеІуа тхуэхъуащи, тхуэмахуэн Тхьэм ищІ.

БЕЩЫКІУ Хьэзешэ,
КъБКъУ-м и доцент.

● Фэеплъ

ПІэужь

Кьанокъуэ Фусэ.
1965 гъэ

1993 гъэ

● Студент гъащІэ

Фым я фыжхэр



БжэІуныкъ Оксанэ математикэ факультетым и 4-нэ курсым щІэныгъэ щІэныгъэ зэзыгъэгъуэтыну хущІэкъуэхэм я бжьыгъэм кІуэ пэтми зэрыхэхъуэр. Іуэхум нэхъри трагъэгушхуэн папщІэ, егъэджакІуэ Іуэхущ щІэныгъэ щІэныгъэ ІэщІагъэлІ ящІэ студент пажэм стипендие лъагэхэр щрат.

АПХУЭДЭУ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щІыпмахуэ сессием кьриІуэм ипкъ иткІэ, студент 62-м стипендие лъагэхэр кьахь. А бжьыгъэм хохьэ аспирантурэм щІэсхэри, университетым кьепхуа колледжхэмрэ лицейхэмрэ щеджэхэри. Езы стипендиехэр тІууэ гуэшащ: щІыкІуэ щІэныгъэм я щІыхьэІэ яГьэувахэмрэ республикэм еймрэ. Япэрей гупым, щІыкІуэ щхьэхуэхэм я щІэкІэ яГьэувахэм, хохьэ Ленин Владимир, Льостэн Владимир, Бэрбэч ХьэтІутІэ, Нэгумэ Щорэ, Мечиев Кязим, Кьэзанокъуэ Жэбагъы, ХьэтІохъущокъуэ Кьазий, Щоджэнщыкіу Алий, ПащІэ Бэчмырэз, Задумкин Сергей, Кулиев Кьайсын сымэ я щІэкІэ щІыхэр.

- Къэрал стипендиер хуагъэхуэ фІы дыдэу еджэ студентым, ауэ абы кьищынэмыщІауи, ар щІэныгъэ конференцэм, КъБКъУ-м и жылагъуэ гъащІэм жьыдзэру зэрыхэтыр кьалъытэ, газетхэм, журналхэм ядапкьжьу, абыхэм и тхыгъэхэр кьытехуэу щытын хуейщ, - кьыджІащ университетым егъэджэныгъэр кьыззыгъэпэщ и кІудамэм и унафэщІ Тутарыщ Сусанна. - Стипендиехэр факультет кьэс щеджэ студент бжьгъэм тегуэшауэ щытщи, а кьудамэхэм щыщу фІы дыдэу еджэ ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІыр кьэзэгъэльагъуэ тхыгъэр деканхэм кьытхуагъэхь. Абы щІэныгъэ советыр хэпльа нэужь, нэхъ зыхуэзащІэхэр кьыхахащІ уэвыпІэхэр трагуашэ. Кьыхадгъэщынщи, Лениным и цІэкІэ щыІэ стипендиер сом 1440-рэ, мыдрей цІыху цІэрыІуэхэм я цІэкІэ яГьэувахэр сом 1395-рэ мэхъу. Нэхъыбэр республикэм ейращи, ар сом 2440-рэ мэхъу. АтІэ, дауэ ахэр зэрытедгъашэр? ФІыуэ еджэ псори я зэфІэкІкІэ зэхуэдэкъым. Языныкьуэхэр нэхъ жьыджащ, адрейхэр Іуэхум нэхъ темыгуэшауэ щытщ. Щэч хэмылъу, стипендие нэхъыбэ кьэзыхьыр «5» защІэкІэ еджэм нэмыщІкІэ, зи зэфІэкІ университетым, кьащІтэмэ, республикэм щекІуэкІ Іуэхугъуэхэм кьыщІэзыгъэльагъэхэщ.

Стипендие лъагэр кьахьын щыщІадзэр етІуанэ курсым щегъэжьауэщ, ауэ япэ курсым иІа зэфІэкІри абы Іэмал имыІэу кьыщытыпэ. Щыламахуэ сессием зэрехьэлІам ипкъ иткІэ, стипендие лъагэм хущІэкъуэщ щІыкІуэ щхьэхуэхэм я ІуэхущІафэхэр кьыщыгъэльэгъуэ тхыгъэм щыхьэлІъэжьым, фІым я фІыжу кьалъытар 62-рэщ. Нобэ фыдогъэщІыху щІэныгъэ Іуэхум екъуІэныгъэ щыхьэІэрыгъэгъэхьа, КъБКъУ-м и стипендие лъагэхэр кьэзыхь студент нэхъыбэхэм щыщ зыбжанэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

ГъэпсыкІуэ Фатимэ ІэщІагъэлІ ящІэ студент пажэм стипендие лъагэхэр щрат.

Гъэуэ Ириной педколледжым Іуэхутхьэбзэхэмкіэ ІэщІагъэлІхэр щагъэхьэзыр и кьудамэм щеджэ, республикэ стипендиер кьахь.

Джатэгъэжь Борис экономикэ факультетым и 3-нэ курсым щеджэ, республикэ стипендиер кьахь.



ГъэупльащІэ Темболэт инженер-техникэ факультетым и 3-нэ курсым щеджэ, республикэ стипендиер кьахь.

Кьардэн Іэсиет филологемкІэ институтым и 4-нэ курсым щеджэ, Кулиев Кьайсын и щІэкІэ щыІэ стипендиер кьахь.



Кьущхьэнэ Альбинэ филологемкІэ институтым и 4-нэ курсым щеджэ, республикэ стипендиер кьахь.

Мэремкьэл Элеонорэ филологемкІэ институтым и 4-нэ курсым щеджэ, Кьэзанокъуэ Жэбагъы и щІэкІэ щыІэ стипендиер кьахь.

Хъущ Людмилэ информатикэмрэ управленэмкІэ факультетым и 4-нэ курсым щеджэ, республикэ стипендиер кьахь.

ПщащыкІ Дианэ педколледжым егъэджакІуэхэр щагъэхьэзыр и кьудамэм щеджэ, республикэ стипендиер кьахь.

Хэжь Хьэсэнбий инженер-техникэ факультетым и 2-нэ курсым щеджэ, Льостэн Владимир и щІэкІэ щыІэ стипендиер кьахь.



Шышы Асльэн юридическэ факультетым и аспирантурэм ильэс етІуанэ хьуауэ щоджэ, Мечиев Кязим и щІэкІэ щыІэ стипендиер кьахь.

КІарэ Альбинэ юридическэ факультетым и 4-нэ курсым щеджэ, республикэ стипендиер кьахь.

Лу Азэмэт экономикэ факультетым и 3-нэ курсым щеджэ, Нэгумэ Щорэ и щІэкІэ щыІэ стипендиер кьахь.

Щоджэн Мадинэ медицинэ факультетым и 5-нэ курсым щеджэ, республикэ стипендиер кьахь.



ЩхьэщэмыщІ Іэсиет экономикэ факультетым и 3-нэ курсым щеджэ, Ленинным и щІэкІэ щыІэ стипендиер кьахь.

Шышы Асльэн юридическэ факультетым и аспирантурэм ильэс етІуанэ хьуауэ щоджэ, Мечиев Кязим и щІэкІэ щыІэ стипендиер кьахь.

Бахьсэн кьалэм дэт сабий гъэсапІэ-пэщІэдзэ еджапІэ №6-м иджыблагъэ щекІуэкІащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыкьхъэрэ ильэс 450-рэ зэрыкьым теухуа зэІущІэ.

АБЫ КЪЩЫАПІЩЫТАЩ зэхьэзэхуэм кьрикІуехэр. Сурэт щІыныжькІэ япэ ивыпІэр кьихьащ сабий гъэсапІэм и курыт гупым хэт Махъсидэ А., етІуанэр - Теппеевэ М., ещанэ хуэщ Мэшыкъуэ И.

1-нэ классым щІэсэм я дерс зэІухам кьыщагъэльэгъуащ ижь-ижьыж лъандэрэ адаптэхэм я кьедекІуэкІ джэгу зэхуэмыдэхэр, зэпеуэхэр, кьафохэр, нагъэщІ куэди.

Класс нахъыжьхэм щІэсхэм яГьэлъэгъуащ адыгэ фашащ, лъэпкъым кьыдекІуэкІ Іэхэ Іэмэпсымэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ щыщ. Ахэр псори НІДС-м и гъэсэнхэмрэ и лэжьакІуэхэмрэ ящІащ.

Сабийхэм я закъуэтэкъым я мацэм зыхуэзыгъэхъэзырар. Бахьсэн кьалэ дэт щІэныгъэ Іуэхущ ІапІэхэм щылажьэхэр, егъэджакІуэхэр зыхэта театр теплъэгъуэм мы Іуэхугъуэр игъбегащ.

ЖЫРЫКЪ Рузанэ.

Дерс зэІухам къыщагъэлъагъуэ

● Си еджапІэ - си къежьапІэ

Сурэтхэм: **зыкъэзыгъэльэгъуа еджакІуэ цІыкІуэмрэ "ГуащІэрэ Иванрэ" спектаклым щыІэ тепльэгъуэмрэ.**
Сурэтхэр **Ашу Билал** *триХащ.*

№3 (27) 2007 гъэ

НАЛЫК

Ди къалащхьэмрэ къалэдэсхэмрэ тех1уа напэкIуэцI

ЛIэщIыгъуэхэмрэ гъащIэмрэ



Еджакlуэ цыкlухэм махуэшхэм хуагъэхьэзыра концертыр иокlуэкl.

Дзэтхэнэ лъэпкъми кьикlуа гъуэгуанэм хэтш тхылъым дежкlэ мыхьэнэшхэу зиlэ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр. Апхуэдизкъэм цыхуэхэм къахуихьауэ щыта зэхьэуэкlыныгъэхэр эмаи-эманкlэр кlапщытэж. ЯI1 ехьулIэныгъэхэр е зыхуэмысаохэр ягъэбелджылауэ. Адыгэхэм я дежкlэ мыхьэнэшхуэ зиlахэм ящыщыр ильэс 450-рэ и пкlэ къэхуауэ щыта Iуэхугъуэр - Къэбардейр Урысей къэралыгъуэм щыгъуэ ильэсыр.

ЗИ ПЫХЬЭ дыхъуа къэралым дыщIыгъуу бзылъхь, хьэзаб къуэ дгъэващ, гуфIэгъуэрэ лъэрыгъуэрэ гъэлъэгъуащ. 1557 гъэ лъандэрэ зэман куэд дкlами, лъэпкъ куэд щыпсэу Урысей къэралыгъуэм адыгэхэр IейкIэ дакъыхэмыщу, цIэрэ щхьэрэ диIэу дыхэтщ.

Мы гъэм и бжьыхьэм республикэм Iэтауэ щагъэльэпIэну махуэшхуэм ехьэлIа зэхьыхьэхэр, зэхьэзэхуэхэр, зэхуэзэхэр щэщIауэ мы эманым щокIуэкI ди къалэхэм, куейхэм, къуажэхэм. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэм жьыджэру хэтщ Iэнатlэ псори, арщхьэкlэ егъэджэныгъэм пыщIахэм хуэдизу лъэкlыгъэ хьэдэмэт зэфIэзых гъуэтыгъуейщ.

Махуэшхуэм ехьэлIауэ лъэжьыпхьэхэм ящыщ куэдым я жэрдэмщIакIуэщ Сабийхэмрэ щалэгъуалэмрэ я творчествэм зиужьыныжьмкlэ къаIэм дэт центрым и лъэжьакIуэхэмрэ Егъэджэныгъэмкlэ къаIэ департаментым и Iэщагъэлlэхэмрэ. Безрокъуэ Еленэрэ Мэлбахьуэ Тимурэрэ зи унафэщI а Iуэхуащlапlэхэм сыт щыгъуи щокlуэкI ныжьыщIэхэмрэ щалэгъуалэмрэ я Iуэху еплъыкlэр, дуней тетыкIэр тэмэму убыхуным хуэунэтIа лъэжьыгъэфIкуэд.

- Псом япэрауэ, ди щалэгъуалэр фIыуэ щыгъуаззу щытын хуейщ адыгэхэм къакIуа гъуэгуанэ кIыхьым, абы урысхэм щаубыдэ увыпIэм, ди зэпымлIэныгъэхэм къытхуахьа зыужьыныгъэм, ехьулIэныгъэхэм, - жеIэ Мэлбахьуэм. - Зи щхьэ щIэ хуэзыщIыж дэтхэнэми и къуэпсым и кьежьапIэр ищIэн хуейщ, дяпэ итахэр зыхэпсэукIа лъэхъэнэхэм ящыщу дэтхэнэми хэлъа хьэлэмэтагъым щыгъуаззу щыгъпхьэщ. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэм тещIыхьауэ щытащ ди къалэ еджапIэхэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэ зэхуэмыдзэхэр.

Департаментым зэрыщыжаIамкlэ, «IIэщIыгъуэхэмрэ гъащIэмрэ» зыфIаща лъжьыгъэ къалэм и курыт еджапIэхэм ныгъабэ лъандэрэ щекIуэкIащ. Абы жыджэру хэтащ егъэджакIуэхэр, класс ныхьыжьхэм щIэс еджакIуэхэр. Ахэр зэхьэзэхуащ лъэпкъхэм яку долъ зэныбжьэгъугъэр къызыхуэсурэтхэр щынымкlэ, сочиненэхэр тхуэнымкlэ. Къапщтэмэ, школакIуэхэр зэпеуащ Темрыкъуэ ипхъу пащтыхь гуащэ Марие и фэеплъ сыныр къызыхэщ уеэ, рассказ щIыкIуэхэр зэхэлъхьэнымкlэ. Еджапlэхэм щекIуэкIа «Акъыл жан» зэпеуэхэм наIуэ къащIащ лъэпкъ тхыдэм, хабзэхэм, анэдэлхъубзэм хэт нэхъыфIу щыгъуаззэмкI. Апхуэдизу еджакIуэ щыкIуэхэм къэхутэныгъэ лъжьыгъэ хьэлэмэтхэри ирагъэкIуэкIащ. ЕгъэджакIуэхэми утыку кьрахьэ методикэ и лъэныкъуэкlэ яI3 зэфIэкIхэр.

УнэтIныгъэ куэд къыхэщIнубыдэу къызэрагъэпэщауэ щыта лъжьыгъэхэр и кIэм нэсащ. Абы кьрикIуаэхэр кьыщалъытэжа гуфIэгъуэ зэхьыхэ иджыблагъэ щекIуэкIащ кьрыт еджапlэ №11-м. КъэщыгъакIуэхэр кIэщIу тепсэлъыхьыжащ курыт еджапIэхэм махуэшхуэм теухуауэ щызэфIаха лъжьыгъэхэм, абыхэм къыхэжаныкIахэм я цIэхэр кьраIуэу. Яп1э увыпIэр хуафэфэщащ курыт еджапlэ №10-м, етIуанэр иубыдащ курыт еджапlэ №17-м, ещанэр кьихьаш курыт еджапlэ №14-м. Ахэр саугъэтхэмрэ тыгъэ лъапIэхэмкlэ яI3эпэжащ.

«IIэщIыгъуэхэмрэ гъащIэмрэ» кlалэпсэ зэхьэзэхуэр ухамиI, Къэбардейр Урысейм зэрыгухьэр ильэс 450-рэ зэрыри-кьым хуэгъэпса лъжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд иджыри щекIуэкIыныщ Налшык дэт курыт еджапIэхэм, гъэсагъэ уиэхэм. «Уэзыкъуэмэ, уплъощIу - апхуэдэ гупсысэращ абыхэм ящыщ дэтхэнэми нэхьыщхьэу кьыщалъытэнр.

ХЬЭГУАРЭ Лаю.

"Арктикэр" тпэжьыжьэкъым

Нужьрей зэманым къалащхьэм къыщощIэрэщIэж зэхьэуэкIыныгъэхэм я лъэхъэнэм зэтещхьэхжауэ щыта Iуэхущlапlэ куэд. Ахэр къызэIуахьжьм и мызакъуэу, иджырей гъащIэм дежкIу, езым хуэдизкъэм я лъэщIыхьхэрэ ефIэкIыну дэжьыгъэр щызэтраублэж. Апхуэдизкъэ Iуэхущlапlэ «къагъэщIэрэщIэжахэм» ящыщщ бдзэжьейхэкIхэм щелэжь «Арктикэ» зэгухьэныгъэр. Ар къызэрызэIуахьжрэ куэд мыщIами, и лэжьыгъэфIкмкIэ цIэрыIуэ хъуащ.

ЮЭХУЩlапlэМ и бжэIупэм уэрыIухьэу къыбощIэ мыбы щылажьэ Iэщlагъэлlэхэм яп1э ирагъэщIыр мыпIку зэгъэпэщыныр арауэ зэрыщымытыр, атIэ лэжьакIуэ къьекIуалlэ щIыхуэхэм я гукъыдэжьыр къэIэтынми, я псэукIэр ефIэкIуэнымкlэ щIэтъэкъуэн яхуэхъунми мыхьэнэшхуэ зэрыратыр. Абы и щыхьэтщ пщIантIэщхуэм щытепщэ къабзагъэмрэ зэIуэзэпэщыгъэмрэ. Дэнэкlи къегъэтIысэкIащ щхъуэкIэплъыкIэу зыкъызэIуэзых удз гъэгъа зэхуэмыдэхэр. Безенги щIыпIэм къраша мывэ кIуэлэн абрагъуэхэмкlэ зэтельхьа лъагапlэшхуэм Iущэщэжу псыр кьоплъэ. Гъэмахуэм лажьэу яутIыщ хабзэ зыгъэпскIыпlэ екIуми, лэжьакIуэхэм пщIэнщэу щэджагъуашхэ щрагъэщI шхапlэ зэпэщми гу лъымытэу кьанэркъым.

- Дэтхэнэ Iуэхури къохьулIэн папщIэ, псом яп1ирауэ, лэжьыгъэ Iэнатlэм гъэрыт щыхуэхэм я губгъэн кьыхэзрымыхьыным, абыхэм сэбэп уаззрыхуэхъуфыным яужь уитын хуейщ. Щыхуэм нэхъапэ нэхъапэ щыщымыIэкlэ, абы щыхуэгъэ кIэльызепхьэущ узэрыдэлэжьэн хуейр, - жеIэ я Iуэхущlапlэм тхутепсэтыхьыну зызыхуэдгъэза, «Арктикэм» и унафэщI Рахаев Борис. - Ди дежь щылажьэхэр езыхэр щыхуэ гумызагъэщ, я Iэнатlэр псэ хьэлэлкIэ езыхьэкIщ.

Рахаевым зэрыжиIэмкlэ, апэм мы щыпIэм «Къэббалъкъбдзэ жьей» Iуэхущlапlэр щылажьэу щытащ. ЗэхъуэкIыныгъэ зэм я зэман хьэпъэм ар зэхэщIэщжауэ, и пщIантIэри ихьуреягъри хьэбгрышыбир идзыпlэ хуЗуэу щытащ. ИльэситIщы и пэкlэ Борис зи пашэ Iэщlагъэлl гупым мурад ящIащ и узыншагъэмкlэ. Автобус ежьу къызыIэпIэхэм тетхэм е сымаджэщым щIэупщIакIуэ кIуэхэм я щхьэр псынщIэIуэу Iуахми, дэ, абдеж щыпсэухэм, афIэкIа къару диIэжкъым абыкlэ дибэуэну.

Кьыжьыпхъэщ пхъэнкlиир щыIуамых, мафIэ щыщIадзэ нэгъуэщI щIыпIэхэри къалэм зэрыщыIэр. Псалъэм папщIэ, Налшыкыпсым и Iуфэм дежкIуэкI Брамтэ (Вольный Аул) хьэблэмрэ Александроврэ зэпхуэдэ теплъэгъуэхэм щIэхщIэкIуэрэ ущыхуэзэнчуц. Дэ дыщымыгъуаззу нэгъуэщI щыпIэхэри щыIэнкlэ хъунщ.

Къалэм и кьабзагъэмрэ и Iэуэзэпэщыгъэмрэ зи пщэрыль администрацэм и Iэщlагъэлlэм дыныкъуэлIэу ди письмор гупЫэтэнщэу къэвмыгъэнэну. Ди гукъеуэр зыхэфащIи Iэщlагъэ сабэп фыкьыхтхуэхъуну дыфщоугъ.

Налшык къалэ Чернышевскэм и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №171-м щыпсэуэр.



Налшык къалэр гъатхэм дощIэращI.

Сурэтыр **ЩОДЖЭН Жанэ** *трихащ.*

ГъэхьулIэныгъэ куэдыр

Гум и щIасэ

Гум и щIасэу Налшык лъапIэ,
Сытым щыгъуи сэ си лъапIэ,
Лъагъуныгъэу уэ пхузиIэм
И уэрэдым си гум жеIэ,
А уэрэдым уэри кьежьуэж.
Дыгъэм си пкъыр игъэпIьамэ,
Акъужь хуэмкlэ уи уэрамхэм
Гуапэ дыдэу Iэплlэ кьыщысхуощI.
Е а хуабэм сыщыщIамэ,
Жьыбгъэм кIуапIэ сыкъыщIамэ,
Мэзхэр, бгыхэр уэ жьыпэу кьысхуощI.
Фыуэ слъагъуэ и дахагъыр,
Лъагъуныгъэм и Iэфlагъыр
Уи дежщ япэу сэ щызэхсщIар.
А хъыджэбзым си гум хуиIуэ
ЖеIэгъуейуэ щыта псалъэр
Налшык хадэрщ япэу щызжеIар.
Псэр дихьахыу я уэрэдым
СыщыIащ сэ къалэ куэдым,
Сэ иджыри Iэджэ къэскIухьынщ.
Ауэ дэнэ сымыкIуами,
Уэр нэхъ дахэ сыхуэзаами,
Уи дей, Налшык, сэ къэзгъэзэжынщ.

Уэрэ сэрэ

Гъатхэ жьыбгъэм зиущэхуауэ
Налшык паркым къыщIекIухь.
И зэманым фIэбгъэкIауэ
Сэ пIейтейуэ зызоплъыхь.
КъакIуэ псынщIэу - сэ уэр щхьэкIэ
Вагъуэ цыкIухэр пызгъэнащ.
Уэрэд гуапи уэ ухэту
Нобэ си гум нусащ.
А уэрэдым псалъэу хэтыр
Сэ уэ бзэншэу ныбжеслэнщ.
А уэрэдым и макъамэр
Сэ уэ нэкlэ уэзгъэщIэнщ.
Зи щхьэ закъуэм гъащIэр гъатхэу
ИгъэкIуэну хьэмыкIын.
...Уэрэ сэрэ дызэгъусэм,
Майр зэн имыкIын!

Гъэгъахэм я нэхъ дахэр

Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ ильэс 450-рэ щрикъуну махуэр екIуу гъэпсынэным пыща лъжьыгъэхэр зэфIэзымых Iуэхущlапlэ дэткъым хьэлащхьэм. ГуфIэгъуэ махуэм екIуу ирихьэлIэным теухуауэ куэд зыщIэхэм ящыщщ «Горзеленхоз» Iуэхущlапlэр.

КъАЛЭДЭСХЭМ гу зэрыльатащи, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамым мы махуэхэм «Горзеленхозым» и лэжьакIуэхэр йолажь уэрамыщхуэм и IуэгугъбгъуитIым уда гъэтхэхэм я нэхъ дахэр - роззэхэр - гъэтIысыным. Нэхъыжьыгъуэхэм ящIэж и пэкlэ проспектым и кIыхьагъкlэ уда гъэтха зэмыфэгъуэхэм яуфэбгъуэуэ зэрыщIатар. Апхуэдизкъэ теплъэ дахэ кьалэм и уэрам нэхъыщхьэм мы гъэмахуэм игъуэтыжынущ. Абы и лъэныкъуитIым плъыжьу, хужьу, гъужьу, тхьэмбыныбэу щыгъэсэнущ роззэ миин 7-м нэс.

Роззхэр щыхасакIэщ «Восток» кинотеатрым, абы кьыкlалъыкIуэ псэунlэ унэхэм я Iэшэлъашэм. Мыгувэу лжьыгъэр и кIэм нэсыну къыщIэкIынщ. Кьалэдэсхэм, Налшык и хьэщIэхэм папщIэ а дахагъэр къызэгъэпэщыным и жэрдэмщIакIуэщ «Горзеленхозым» и Iэщlагъэлlэхэмрэ абы текIуэдзну мыпIкур гу щихуэну ди гуапэщ.

Дыхуэзгъэсакъ, дывгъэхъумэ ди хъуреягъкlэ кьытхуэзрагъэпэщ дахагъэр.

ТАМБИЙ Линэ.



Гепардыр сыт щыгъуи набдзэгубдзапlэщ.



Къэбэрдей паркыр. *1930 гъэ*

Зоопаркым нэхъри зеужь

Щlэ

Налшык паркым и нэгуэзыужьыпlэ нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщ псэущхьэ хьэлэмэт куэд здэщыIэ къалэ зоопаркыр. Сабийхэми балигъхэми сыт щыгъуи яфIэщIэщыгъуэ щыналъэ цыкIум кьикIуа гъуэгуанэмрэ и нобэрей псэущIэмрэ тхутопсэныхьэ абы и унафэщI Iэрэмысэ Аслъэнбий.

Дэжьыгъэм и ныбжьэгъэщIакIуэ хьэлэмэтыр, Iэщlагъэлl щыпкъэр, щыху гумызагъэр биологие щIэныгъэхэм я кандидатыр, ветеринар Iэзэщ. Зигури зи псэри эшэрыт лжьыгъэм епха Iэрэмысэм зэфIэкIыу нIэр ирехьэлIэ зи пашэу щыт Iэнатlэр егъэфIэкIуэным.

- КъАЛАЩХЬЭМ и зоопаркым гъуэгуанэ кIыхь кьикIуащ. Дэфтэрхэм кьыдэрыхэщыжьымкlэ, абы щIэдзапlэ хуэхьуащ щытар мыращ. ЛIэщlыгъуэ блэкlам и 20 гъэхэм Налшык къыщыдэуахауэ щытащ лъэпкъ Iэщlагъэлlэхэм я кIыщ хъуа. Ленин и цIэр зезыхьэ еджапlэ кьыдэ щIыкIу (ЛИГ), 1927 гъэм абы щеджэ щIалэгъуалэм я деж къэрал унафэщIхэр щыхьэщIэрт, егъэджэныгъэ лэжьыгъэр, зыхуей-зыхуэфIэкIэ кьапщытэу. ХьэщIэ хэм ящыщ зым еджакIуэхэм тыгъэ хьэлэмэт кьахуищIат: мышэ шыр щыкIу кьарит ат ЛУГ-м щIэсхэм мыщэр щалыгъэм щIыпIэ щхьэхуэ зэхьэрамыгъэпэщу хъуакьым. Куэд мыщIэу мыщэ шырым нэгъуэщI псэущхьэхэри гъусэ кьыхуэхьуу хуежьащ. Апхуэдизу екIуэкIыурэ, 60 гъэхэм и етIуанэ Iыхьэм псэущхьэхэр щалыгъэм щIыпIэ кьыхэзрагъэпэщын Iэуэу эрахъуэу щIадзащ. 1966 гъэм абы техуэуа унафэ кьыдэкIащ икIи а ильэсым и фокIадэ мазэм кьалэм зоопаркыр кьыщыхэзыхаэу щытащ.

Абы лъандэрэ блэкlа ильэс 40-м «Налшык» зоопарк муниципальнэ Iуэхущlапlэм зиужь зэпытурэ екIуэкIащ. Мы зэманым абы гектари 7-м щIигъу щIапlэ еубыд. Ар щхьэнтIагъэмрэ удз гъэгъа дахэхэмрэ яуфэбгъащ, хьупlэ щыкIуэхэри яIащ. Iэтэкlэ пхуэбжьащ псэущхьэ мащIэ фIэкIа зэрымыса щIынапlэ щыкIум иджы хьэжкIэхъуэ-кIэрэ хьэпщх упщу, джэдкъэрэ бзу лIэужьыгъуэ 350-м щигъ у щопсэу. Абыхэм ящыщу 150-м нэсыр зи хуэдэхэр щIыуэпсым щымащIэхэм, «Тхылъ плъыжьым» иратхахэм яхэтщ.

Зоопаркыр псэущхьэ гъэщIагъэуэн, зэмылIэужьыгъуэ куэд щыпсэу щIыпIэ и къудейкъым, атIэ ар лабораторэ щхьэхуэхэр щылажьэ, ветеринарием и къудамэхэр кьыщыдзэгъэпэща Iуэхущlапlэщ. Ди зоопаркым щыпсэу псэущхьэхэм я узыншагъэр абыхэм я кIэлъыплъныгъэ ткIийм щIэтщ. Апхуэдизу ди деж щыIэщ ди Iэщlагъэлlэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэщ академием и щIэныгъэлIэхэмрэ кьыдэхуаха щIэныгъэ-кьахуитакIуэ лаборатор». Абы щрагъэжьу зэкIэ лэжьыгъэр нэхьыбэу зэпхар кьуалэбзухэм, унагъуэ джэдкъэзым я узыншагъэр хьумэныращ.

Гурыйуэгъу зэщ, дэтхэнэ Iэжьми текIуэдэн мыльку уиIэн хуейщ. Лъжьыгъэм лъэпощхьэпо куэд дыщрихьэлIэми, дэ сыт щыгъуи щIэгъэжьуэныфI кьытхуохьу кьалэ администрацэм и Iэщlагъэлlэр. Дэри кьэрал мылькур нэхьыбэ хьума зэрыхьуным дыпылъщ. Кьапщтэмэ, и пэкlэ ахьыпэщхуэ текIуадэу щытащ зоопаркым кьыщыдгъэсэбэп псымрэ электрокьарумрэ. Иджы псым и куэдагъэр къэзыпщытэ Iэмэпсымэ тедгъэуваци, абы ихь ахьыпэри нэхь мащIэ хьуащ.

Абы кьыдэкIуэу идогъэфIакIуэ дИ Iэщlагъэлlэхэр щылажьэ пэшхэри. Иджыблагъэ компьютери 2, ксерокс, зэпымкIи дежьу нэгъуэщI Iэмэпсымэ пэрытхэр кьыдэдгъэпэщащ. Ди Iэщlагъэлlэм хуэдэхэм лэжьыгъэкlэ дапыщIауэ дыщытын папщIэ, Интернетым сайт щхьэхуэ кьыщыдэутхащ. Ари сэбэп кьытхуохьу ди Iуэху зехьэкIэхэр адэкlи ефIэкIуэныкlэ.

Псэущхьэхэр кьабзэлъабзэу зехьэным, зекIуэлIэнэхэр лъагъуэ щыкIуэкIэрэ якlэлъыплъныным я зэфIэкI псори ирахьэлIэ зоопаркым и лэжьакIуэхэм. Зоопаркым псэущхьэхэм я Iусапхьэхэр и чэзум икIи ирикъуу кьызэрэгъэпэщыным хуэфащэ гулыитэ худощ. Мэкъумыльэр кьуажэ хэхахэм зэгурыIуэныгъэ етщIылIауэ абыхэм я гуфIуэхэм кьыдох, лыри пуду кьуажэдэхэм я деж кьыщIадощэжу. Абыкlэ сэбэп кьытхуокьу къ уажэхэм щылажьэ ветеринар кьуныкъуащIапlэхэр.

Мы лъэхъэнэм зоопаркым щокIуэкI унэтIныгъэ куэдкlэ зэщхьэщыха лэжьыгъэшхэр. Ди Iуэхущlапlэм и махуэшхуэр фокIадэм республикэм щекIуэкIыну гуфIэгъэхэм ящыщ зы Iыхьэу щытынщ. Кьалащхьэм кьжьIуэну хьэщIэ куэд а лъэхъэнэм ди зоопаркым кьызэреблэгъэнур ижьэщIи, абыхэр сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэрэ ирихьэлIэу зэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэ гуэрхэр зэфIэхъныным яужь дитщ.

Иужьрей лъэхъэнэм зоопаркым и псэущхьэхэм 50-м нэс кьахъэдгъэхьащ. Абыхэм яхэтщ кьапльэни, ацльэни, гепарди, махъши, дыгъужь фIыщIи, нэгъуэщI псэущхьэ хьэлэмэтхэри. Ди деж щыIэ псэущхьэ гъэщIагъэуэнхэм я бжьыгъэм дяпэкlи хэдгъэхьэунущ. Иджыблагъэ я апхуэдэ лъэIукlэ зыхуэзгъэзащ УФ-м и зоопарк нэхьыщхьэм и унафэщIым. Абы сыкьигъэгугъащ гъэмахуэм ирихьэлIу ипэкlэ димыIа псэущхьэ 16 кьытхуригъэщну, кьыу фIыщIи яхэту.

Дунейр нэхъ хуабэ зэрыхьужрэ, зыплпыхьакIуэ ди парким кьакIуэхэм кьахъхьуэ зэпытщ. НыбжьыщIэ цыкIухэр зэкIуалlэ сабий Iуэхущlапlэхэм я унафэщIхэр, Iэщlагъэлlэхэр кьыхудоджэ я гъэсэн цыкIухэр кьалэ зоопаркым щIэх-щIэхыурэ кьашэурэ абы щIэ псэущхьэ хьэлэмэтхэм ирагъэпльыну, псэущхьэхэмрэ кьуалэбзухэмрэ я гъащIэм кIэльыгъэпльыну. Иджы дыдэ зоопаркым хэхьуэ иIащ: махъшэ шыр щыкIуэрэ дыгъужь шыррэ псэущхьэхэм кьащIэхьуащ. А щIэжьейхэр узынщIэ, жыджэрэщ, зыплпыхьакIуэ кьакIуэ сабийхэм зыхуагъафIэ.

Зытхыжар **АБЕЙ Нафисэтщ.**

Фыщlэ

Махуэ къэс

«Iэнэ щабэщ, гумызагъэщ, псэ кьабгъэ зиIэ щыхуэ гуапэщ, - апхуэдизкъэ дахъхурэ хуэмыдэ Iуэ ди узыщIагъэм кIэльыпIэ бзылъхугъэ Iэкlуэлъакlуэм. Ар Налшык дэт поликлиникэ №2-м и ильэс 20-м ущIигъуауэ медсестрауэ щылажьэ Мыд (Хьэту) Джульеттэщ. А щыху гу щабэм и дуней тетыкIэмрэ лэжьакIэмрэ дащыкIэлъыплъкlэ, и насыщ ар къызыхэкlа лъэпкъми, зэрыхьа унагъуэми жыпоIэ.

ДЖУЛЬЕТТ махуэ къэс хьэблэ 16 зэщIегъэхьэри, ар зэгъэбыдыдIахэ щы щIыхуэ яхэткъым абы кьыхуэмыдарэзыу. ЗэрыIэсэтыасэм, дэтхэнэми зэрыхуэщытым, егупуу зэрелIэззэм папщIэ, ар псоми фIыуэ кьалъагъу, пщIэшхуэ кьыхуащI. Цыхубэ гущIэгъуэлъм зыхечIэ узым кьыхигъэзыхьым и псэм щыщIэ зыхуэдизкъэ ищIи ар сымаджэм зэращхьэщхьыным хущIэкIу зэпытщ. Дэ ди нэгу щIокI Мыдым сымаджэм хущхьэу ящIэрэ ди щIыпIэ мыхъуу, и псалъэ IэфIэмкlи зэрелIэзэ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр ящIэдзэжа ебэну, апхуэдизу Iуэху зехьэкIэ дахэ зиIэ ди медсестра Мыд Джульеттэ фIыщIэшхуэ хуэтщIыну дыхуейщ. Узыншагъэ быдэ иIэну, и бын дыгъэлхэм я гуфIэгъуэ ильагъуну, и мурадыфIхэр Iхъэм кьыхуэупщIу дунейм гу щихуэну ди гуапэщ.

МАСКIЭ Роза, БРАГИНЭ Тамарэ, ДЫСЕНКIЭХЭ Анюрэ Степанрэ, ЗАХАРОВХЭ Лидэрэ Александрэ.

Налшык зоопаркым и унафэщI Iэрэмысэ Аслъэнбий.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Идар Темрыкъуэ ипхъуэхэр

45

И къуэ хэм нэмыщI, Къэбэрдеим я пщышхуэ Идар Темрыкъуэ пхъуищ иIащ: Альтыншаш, Мэлхъурыб, Гуащэнэ. Я адэлъхуэмэ хуэдэу, эшыпхъуищри щыцIэрыIуэщ Къэбэрдеими Урысеими я тхыдэм.

Альтыншаш

Альтыншаш Темрыкъуэ ипхъу нэхъыжьщ, ар Астрэхъан дэса нэгъуеинщым и къуэ Бекбулат и щхьэгъусащ. Астрэхъан нэгъуейсэ я хэкумрэ Къэбэрдеймрэ зэгъунэгъуащ, я гъунапкIэ зэпыухэу. Темрыкъуэ ипхъу нэхъыжьыр нэгъуей пщышхуэм и къуэм щритам щхьэусыгъуэ иIэт: нэгъуейсэр дзей кьишьын щхьэкIэщ.

Астрэхъан У рысей къэралыгъуэм хагъэхъа нэужь (1556 гъэм), Бекбулатрэ Альтыншашрэ Ока псым и Іуфэм Іус Кьасым хьаныгъуэр къратащ. Темрыкъуэ и малъхэр, Бекбулат, абы тепщэ (хьан) щыхъащ. Бекбулат лIа нэужь, абы и къуэ Саин-Булат Мэкхуу ящэри, урыс пащтыхь тахьтэр дзыхь кьыхуащIащ. Темрыкъуэ и пхъурыпхъур (чыристан диныр ихьа нэужь, Симеон Бекбулатович зыфIащар) урыс пащтыхь тахьтэм тесащ илъэситIкIэ - 1574 - 1576 гъэхэм.

Мэлхъурыб

Индылрэ (Волгэ) Уралрэ я зэкуакуэ дэсащ НэгъуеишхуэкIэ зэджэ хьаныгъуэр, Іэпэхъуэшапхъуэу. Нэгъуеишхуэм я хьан Измаил и къуэ Тинахьмэт и щхьэгъусащ Темрыкъуэ ипхъу курытыр - Мэлхъурыб. Измаил лIа нэужь, Нэгъуеишхуэм я тепщэ хъуащ абы и къуэ Тинахьмэт - Темрыкъуэ и малъхэр. Урыс сеймрэ Нэгъуеишхуэмрэ нэхъри благъэ зэхуэхъуащ нужькIэ - Тинахьмэт и щхьэгъусэр, Мэлхъурыб, урыс пащтыхь гуащэ Марие (Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ) и щыпхъут: я адэм и жьIэм фIэкIакъым тIури - Урысейр, Къэбэрдейр, Нэгъуеишхуэр нэхъри зэрубыдыщ щхьэкIэ, ахуэзэфIэкI къагъэнакъым.

Гуащэнэ

Урысей пщышхуэ, пащтыхь Иван IV и япэ щхьэгъусэ Анастасие лIа нэужь, абы дэкIуэуэ щытащ Идар Темрыкъуэ ипхъу нэхъыщIэ Гуащэнэ.

Хуэбгъафащэ зэрыхъунумкIэ, Темрыкъуэ ипхъу нэхъыщIэр 1544 гъэм кьалъхуащ (дунейм щехыжам щыгъуэ, 1569 гъэм, Гуащэнэ илъэс 25-рэ хъуэу ар).

Урыс летописэм кьыхэзырыхэнамкIэ, Иван IV фыз кьиншэжьын щыхъуэм, пащтыхьым и лIыкIуэхэр Швециеми, Литвами, Жанеими, Къэбэрдеими ягъэкIуащ, «пщышхуэм щхьэгъусэ хуэхъун щхьэкIэ зыщалIхьыхьын хуейуэ» унафэ хуащIри. Къэбэрдеим къагъэкIуа лIыкIуэхэм ягу ирихьащ Темрыкъуэ ипхъу дахэкIейр. Темрыкъуэ арэзы щыхъуэм, Гуащэнэ 1561 гъэм гъэмахуэпэ мазэм и 15-м лIыкIуэхэм Мэскуу яшащ, Урысейм я пщышхуэм и пащхьэ иращэн, абы ирагъэльэгъун щхьэкIэ». Мэскуу щашэм Гуащэнэ щыгъуащ и дэлъхуэр, Думэныкъуэ, и щыпхъу нэхъыкь Альтыншаш и щхьэгъусэ Бекбулатрэ абы и къуэ Саин-Булатрэ.

Мэскуу нэса нэужь, «Урысейм я пащтыхь, пщышхуэ Иоан Васильевич и сэрейм яшащ щэрджэс пщым и пхъур, ар зригъэльэгъури, пщышхуэм игу ирихьащ» - кьыхуэ урыс летописым. Чыристан диныр къращэщта нэужь, Гуащэнэ Марие къыфIащащ. Урысейм и пащтыхьмрэ Марие я нэчыкьыр 1561 гъэм щыцхьэIу мазэм и 21-м ятхащ - Темрыкъуэ и пхъур абы щыщIэдзауэ Урысейм я пащтыхь гуащэ хъуащ, а щIэр зэрихьащ дунейм тетыху: Марие 1569 гъэм фокIадэм и 1-м IаIащ; зы бынщ Марие иIар (Василий зыфIаща щIалэ щыкIуэр), ари сабийуэ 1563 гъэм лIэжат. Пащтыхь гуащэ Черкасская Марие Мэскуу Кремлым (Спасскэ куэбжьэм пэмыжьыжьэу) дэта Вознесенскэ щыхубз кьуупшырыфым щIалъхьащ.

Темрыкъуэ и пхъур урыс пащтыхьым зэрыритам Къэбэрдеими Урысеими я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ, абы нэхъри благъэ зэхуищIащ 1557 гъэм зэгухьауэ щыта къэралитIыр. И щыкъу адэр жагъуэгъуэхэмрэ бийхэмрэ щихьымэн пашIэ, урыс пащтыхьым Къэбэрдеим зыбжанэрэ дзэ къигъэкIуащ. Темрыкъуэ и лъэпкъкIэ, Къэбэрдеим урысхэм кьалэ-быдапIэ къращIыхьащ Хьэзэр (Каспий) тенджызым и Іуфэмрэ Тэрчэр Сунжэрэ щыхэзахуэм дежьэ урысхэм щауха кьалэ-быдапIэхэр якъутэжьын хуейуэ тыгъуэ сультIанымрэ кърым хъанымрэ кьудрэ кьыпаубыдащ урысхэм. Истамбыл дэс урыс лIыкIуэм абы теухуэгъэ Инжэ жрИIауэ щыта тащ тырку цэгъырышхуэм: «КъаIэр зращIыхьар Къэбэрдеим я пщышхуэ Темрыкъуэ и хэкущ, ар зи унафэр езы къэбэрдейхэрщ».

Урыс пащтыхьым Марие тыгъэ кьыхуищIауэ щыта дыщэ фальэр Кремлым дэт Оружейнэ палатэм щахьумэ. Абы и щыфэм мыпхуэдэ псалъэ тетщ: **«Миниблрэ хьщIрэ бгъу гъэм (1561 гъэм) и гъэмахуэм тхъэм и нэфI зышыхуэуэ Урысей псом я пащтыхь, пщышхуэ Иван Васильевич пащтыхь гуащэ Марие хурягъэщIащ мы фальэр»** Киллограммищ хъу дыщэ фальэр Иван IV Марие щритар абыхэм я хьэгъуэлIыгъуэр щкIуэкIа махуэрэ, ар урыс дыщэкI ІэщIагъэм и хъугъуэфIыгъуэ нэхъ IыпIэ дыдэхэм хабжэ.

Урыс тхыдэм нэмыщI, Темрыкъуэ ипхъу Марие и цIэр кьыхэнаIи урыс Іуэрыпуэтэмэ: абы щыгъунэжщ къэбэрдеипщым ипхъу, урысей пащтыхь гуащэ Идар Гуащэнэ (Марие) теухуа уэрэдхэр, хьыбарэр.

КЬЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Иван IV и тыгъэм и теплъэр.

Упсэу, щIалэжь!

Марк Твен театрым кIуат. Спектаклым щIадзэн и пэIуэкIэ пэшым зы офицер пашIащ кьыщIыьащ, щырыкъу лъапщэ кIыхь, джэлэфей щыгъыу, и щырыкъум щыгъащIыв кIэрыщIауэ.

Къэтэджри, Марк Твен офицерым зыхуигъэщхъащ:

- Тхьэр арэзы кьыпхуэхъу, - жери.

- Сыт фIыщIэ къыщIысхуэпщIыр? - и нэр къриГъэжащ офицерым.

- Театрым щууэ укъызэрыщIэмыхьаращ, - жиIащ Марк Твен.

Гёте и жэуап

Гёте къыхуэдэлащхэ гуэр паркым щрихьэлIащ. Лъагъуэр бгъуэятэ, тIум я зым дидзыхын хуейт. ЗрихьэлIам дидзыхын идакъым:

- ЦIыху мыхьэнэншэм хуэдэдзыхь си хабзэхъым, - жери.

- Сэ худыздзыхь, - жери Гёте лъагъуэм текIуэтащ.

Ари къохъулIащ

Людовик XIV и уэсэхэм Буало иригъэджащ:

- Къызэрыпщыхъуар къызжеIэ, - жери.

Пащтыхьым и уэсэхэм еджэри, Буало жиIащ:

- Зиусхьэн, уэ пхуэзфIэмыкIын щыIэкъым. Уэ мыхьэнэншэ птхын мурад щIати, ари къохъулIащ.

ХьэмаскIэм еупщI

Хьэуджэбэ щыкIу гуэрым хьэмаскIэ къратати, Бернард Шоу кьелъэIуащ:

- Уи цIэр си хьэмаскIэм фIэзгъэщ, - жери.

- Си пщащэ щыкIу, апхуэдэ гукъэкI зэрыпщIар си гуапэ хъуащ. Сэ сыарэзыщ - си цIэр фIэщ уи хьэмаскIэм. Ёзы хьэмаскIэм уеупщIауэ пIэрэ си цIэр фIэщмэ, арэзы хъунрэ мыхъунрэ? - жэуап иритыжащ Шоу хъыджкэбэ щыкIуэм.

Мольери еджэ

Драматург гуэрым Вольтер къыжриIащ:

- Уи трагедиехэм седжа нэужь, трагедие стхьнескужакъым: уэ птхым хуэдэ схуэтхынукъым, стхымэ, емыкIу сыкъащIынущ. Трагедием сыкъыпыкIри, комедие стхыуэ щIэдзащ.

- Абы щыгъуэ Мольер и комедиехэм уеджагъэнкъым уэ иджыри, - жиIащ Вольтер.

СщIэркъым, жызоIэ

Уэрамым щрихьэлIэху, Вольтер зы щIалэщIэ зыгуэркIэ къуэупщI эпытт. Вольтер и щхьэр щIриГъэхьащ щIалэщIэм, абы и упщIэ мыпыхуэр хуэмыхьыжьхуащ. Иужьым, уэрамым щызэхуэзауэ, щIалэщIэм и жьэр защIмыс щIыкIэ, япэ зригъэщIри, Вольтер жиIащ:

- Упсэу, хьэуэ, укъызэрызэупщIынум и жэуапыр сщIэркъым.

Дзыхь пхузощI

Бернард Шоу щууэ уэрамым дыхьауэ, пощтым щIыхьэн хуейти, епсыхащ. ЗылIкърихьэлIати, елъэIуащ:

- Шыр схуэIыгъ, сыкъэщIэкIыжьхуу, - жери.

- Сэ парламентым сыхэтщ! - лIым и щхьэ трилъхьакъым шы Іумпіэр иубыдащ.

- Арами, дзыхь пхузощI, - жери Шоу пощтым щIыхьащ.

Нэхъ тыншкъэ?

Анатоль Франс уэрамым зылI щрихьэлIам, лIым и плIэм унэ лъэгум ирагъэувэм хуэдэу сыхьэтыншхуэ ильт.

- Іэпщэ сыхьэт зеихьэмэ нэхъ тыншкъэ, мы сыхьэт абрагъэуэ плIэкIэ зеплIафэ нэхъри? - игъэщIэгъуэщ тхакIуэм: ищIакъым лIым сыхьэтыр сыхьэтщIыжым деж зэрихьыр.

Габриэлли арэзыкъым

Екатеринэ ЕтIуанэм къыригъэблагъэри, Габриэлли Катеринэ Бытырбыху къэкIуащ. Урысейм и кьалащхьэм уэрэд щыжрагъэIэн щхьэкIэт ар къыщIрагъэблэгъар. МазитI пIалъэкIэ къэшат.

- МазитIкIэ уэрэд жысIэмэ, дукат минитху кьызэфтын хуейщ, - къышиубыдащ Габриэлли Катеринэ.

- Си фельдмаршалхэм нэхъ мащIэ есыгъ, - жиIащ пащтыхь гуащэм.

- Дэгъуэкъэ-тIэ! Сэ сыкъыщIэфщэн щыIакъым: уи фельдмаршалхэм кьывжрырелэ уэрэд, - зигъэгуэри, и хэкум, Италием, кIуэжащ уэрэджыIакIуэр.

ХЬЭФIЫЩIЭ Мухъэмэд

Япэ адыгэ тхакIуэ

Къэ-джэрий Сультэн къызэрыльэуар илъэс 200 щрекIу

(КIэухыр. ПэщIэдэзэр №№84-85-хэм итщ.)

Дыгъуэзэ, фи деж сыкъыкIыжа нэужь, сэ щыгъуэзэ сыхъуащ пщым (*зи гугъу ищIыр Бенкендорфщ - Хь.М.*) хуит имыщIауэ офицерхэм я тхыгъэхэр трырагъэдзэну зэрыкIыр, апхуэдэу щыщыткIэ, ди эскадрон шу пашэр сэ абыкIэ Бенкендорф езгъэльэIун хуейщ. Абы къыхэкIыу, уэ аргуэру лъэпкъэ зыпхуэзгъазэ: си ныбжьэгъуэ и жэрдэмкIэ стхьуэ къазэрыщыхуэр кьищIэну, абы литературэхэм ярита си дэфтэр щыкIур кьыхсуэбгъуэтыжьырэ, уеплтыну. Бенкендорф ар щабэщыщынкI, ауэ жраIэнуэ щIидыж зыгуэр стхьмэ, трезгъэдзэну хуит сищIыну; ар и щхьэусыгъуэу стха гуэр еджэн мурад ищIмэ, уэри уощ, абы фIэкIа сэ нэхъ щIэзыжьыр.

Уэ сыкьыщэрплтыштэмкIэ, уи ныбжьэгъуфI, литературэмкIэ къуэш пхуэхъуа Къаз-Джрийщ пщIэшхуэ пхуищIу нэзытхыр».

Урыс тхакIуэхэм къазэрыщыхуар жаригъэIэну адыгэ тхакIуэм итд дэфтэр щыкIур зыхуэдэр, ар щIэрэкъым. Хуэдгъэфащэ къудейщ Къаз-Джрий и «Къэжэр таурыхъыр» е дэ дызыщымыгъуазэ тхыгъэщIэ гуэр абы итауэ. А зыхуэдгъэфащэри пэжыкIэ мэхъу, сыту жьIпIэмэ, Къаз-Джрий и лъэпкъ зрязэщIэри, Бенкендорфи къагъэдгуэт кьыпэрымыуэну ики 1836 гъэм бадзэуэгъуэ мазэм и пэщIэдзэхэм къыдэкIа «Современникым» и етIуанэ къыдэкIыгъуэм традзащ «Къэжэр таурыхъэ» хьыбарыр.

Журналым и етIуанэ къыдэкIыгъуэр зыгъэхьазырахэм яхэтащ пщы Одоевский В.Ф. Абы 1836 гъэм накьыгъэм и 10-м Н.И. Гончаровэ-Пушкинэм, усакIуэр Бытырбыхэу зэрыдэмысым къыхэкIыу, хуитхэ письмомкIэ щIэупщIэрт: «Къаз-Джрий и тхыгъэ «Къэжэр таурыхъэр» тедгъэну е дыпэплъэну Сергей и къуэ Александр?»

Нэхъ пасэу зэрыжьыIащи, хьыбарыр традзащ журналым. АбыкIэКъаз-Джрий къыщIэпкьуар, дауи, Муравьевщ. Абыхэ Бенкендорф Отделенэм и ГенералитетымрэВордвинов Александррэ зэшыпхъуитIым я бынт.

И эскадрон зы пашэм хузэфIэкIакъым Къаз-Джрий и Іуэхур игъэтрэзэн. Іуэхур щызэфIэмыкIым лъэкIынгъэшхуэ зиIэ и ныбжьэгъуэ зыдигъэIэпыкIуэ зэрыхуэм, Муравьев Мордвиновым ерыщIыжри, ар Бенкендорф бгъэдигъэхьащ. Жандармхэм я Іэтащхьэм абы худимычыжьу хуэакъым.

Ауэ нэгъуэщI епльыкIи щыIэщ: щыхьэрым къэкIужа нэужь, Пушкиным мыупщIэрэ мыусу тредзэхьащ: «Сыбгъэмахъ щIэ сыкьыгъэкIуэ?» Бенкендорф апхуэдэ зырыуигъэщIэнутэкъым, епщIэнами - къыпхуигъэгъунутэкъым.

Езы усакIуэри Ещанэ Отделенэм и «пхъэшыкъум» ерагът зэребакъуэр. 1836 гъэм накьыгъэм и 18-м Мэскуу къыритхьащ абы хуитхыгъ и щхьэгъусэм: «Сызэрыжурналистыр къыщысщIэжкIэ сэр дыдэм си псэр си льэдакъэпэм носыж, идкыри си цIыхугъэр зэрысфIэмыкIуэдауэ къэсхьащ полицэм и фэжагъуэ ики къышIапсэщ: «Уэ пхуэтщIа дзыхьыр Іи эпэжажьымэ, нэгъуэщI-кьыжьымкIэхэри. Иджы сыт къырикIуэнур си щхьэм? Мордвиновым сэ Булгарин Фаддейрэ Полевой Николайрэ я фэ кьызыпльынщ. Емынэм и зэранкIэ гурэ зэчиIэр сиIэу сэ сыкьыщалъхуат Урысейм...» Ауэ Пушкиным ар хуIэкъуэрт и къриIапIэ нэхъ тещIэгъэуэн зэрищIыным, тхыгъэфIэхэр куэду ики зэмыщхьхэу зэрытридзэным. Журналым нэхъыбэу тридзэрт тхыдэмрэ кьэхъуа Іуэхуэхэмрэ ятеуухуахэр. УсакIуэшхуэр псэуху дунейм кьытехьа кьыдэкIыгъуэпIым укIуэцIрыпIымкIэ, гу лъыбгъэ я журналымкIэ абы льэпкъхэм я зэныбжьэгъуэр игъэльапIэу, игъэбыдэу зэрыщытам. Пушкиным кьыфIэIуэхуэт дэтхэнэ льэпкъми и тхыдэм кьыщыхуа Іуэхуэгъуэшхуэхэр, кьыитыкъуэкIа гузэвэгъуэхэр, кьыпльыса гуфIэгъуэхэр. ЕлэкIам дерэкьыхэхьи зэрыхуэйр кьыгурыIуэрт. Абы и щапхъэкъэ хпа адыгэ тхакIуэм и кьалэмым кьыщIэкIа тхыгъэитI зэрытридзар?! Абы и щыхьэткъэ декабрист Якубович Александр Кавказым теуухуауэ зэхилъхьа усэхэр журналым кьыззэритехуар?!

«Современникым» и зы кьыдэкIыгъуэ гуэрым тетащ 1812 гъэм екIуэжа Хэку зауэшхуэм Тэрч щыщIэхэм кьыщIэгъэльэгъуа лIыхъужьыгъэм, Дрезден кьыщащIам адыгэ ротмистр Шэшэныкъуэр хахуэу зэрызуам теуухуауэ Денисов Давид и гукъэкIыжхэр. Шэшэныкъуэр иужькIэ урысыдзэм полковник хэхъуьхат, зауэлI цIэрыIуэу, партизану щыта Давыдов Денис и ныбжьэгъуьшхуэт. Давыдовыр ики тихтэуэт, Пушкиным и пIэхъэнэм щыIа усакIуэр ныкъыжьыжьащ, Белинскэм зэритхакIэ, ар «урыс поэзием и уэгум етIуанэ увыпIэр щызыIыгъ нэхъ вагъуэ нурышхуэхэм ящыщIэ».

Полковник Шэшэныкъуэр Къаз-Джрий и ныбжьэгъуфI. Арауи кьыщIэнащ Денисовыр зэрыщIэхуар, кьыпльыса гуфIэгъуэхэр. ЕлэкIам дерэ кьыхэхьи зэрыхуэйр кьыгурыIуэрт. Абы и щапхъэкъэ хпа адыгэ тхакIуэм и кьалэмым кьыщIэкIа тхыгъэитI зэрытридзар?! Абы и щыхьэткъэ декабрист Якубович Александр Кавказым теуухуауэ зэхилъхьа усэхэр журналым кьыззэритехуар?!

«Современникым» и зы кьыдэкIыгъуэ гуэрым тетащ 1812 гъэм екIуэжа Хэку зауэшхуэм Тэрч щыщIэхэм кьыщIэгъэльэгъуа лIыхъужьыгъэм, Дрезден кьыщащIам адыгэ ротмистр Шэшэныкъуэр хахуэу зэрызуам теуухуауэ Денисов Давид и гукъэкIыжхэр. Шэшэныкъуэр иужькIэ урысыдзэм полковник хэхъуьхат, зауэлI цIэрыIуэу, партизану щыта Давыдов Денис и ныбжьэгъуьшхуэт. Давыдовыр ики тихтэуэт, Пушкиным и пIэхъэнэм щыIа усакIуэр ныкъыжьыжьащ, Белинскэм зэритхакIэ, ар «урыс поэзием и уэгум етIуанэ увыпIэр щызыIыгъ нэхъ вагъуэ нурышхуэхэм ящыщIэ».

Полковник Шэшэныкъуэр Къаз-Джрий и ныбжьэгъуфI. Арауи кьыщIэнащ Денисовыр зэрыщIэхуар, кьыпльыса гуфIэгъуэхэр. Е Пушкинрэ ар зэзэпщэлIар? Сыт хуэдэу щымытами, зи цIэ кьитIуэхэр зэнэIуасэт.

Апхуэдэурэ зэшхэлIа, зэныбжьэгъуэ зэхуэхъуэхэр пIэпкъ зэхуэмыдэхэм къаухьэкIа цIыху Іущхэр, ахэр зыр адрейм хуэупсэрт я щIэныгъэкIэ, я гухэпь нэхъыфIэхмкIэ, зэныбжьэгъуэ зэхуэхъуэхэрт пIэпкъ зэхуэмыдэхэм къаухьэкIа цIыху Іущхэр, ахэр зыр адрейм хуэупсэрт я щIэныгъэкIэ, я гухэпь нэхъыфIэхмкIэ, зэдаIэуэ ауэ щхьэхуэрт. Іащщ Іэр нэхъыфI ящIыну, къакIэуну пIащIыгъэхэми прахьэжьафэрт гупсысэ нэхухэр - къэхъуну щIэблэхэм я дунейр нэхъыфIэ зыщIынухэр.

А псори зэзыгъэуIур урыс усакIуэшхуэ Пушкин Александр абы и журналыгъэт. Ди хьэгъэгу Іащ Къаз-Джрий СультIани и зы хуэаскIэ хидзащ зи гугъу тщIы гупым къэкIуэну зэманым хуэзэщIагъэста зэкъуэшыгъэм и мафIэм. Ар зыщIэсхьажакъым, гугъуэхэм иригъэкIуэтакъым икIи къызыхэкIа и щIэныгъэ и бын пажэжьм ящIэ. Іащ зы хуэдэ. Къаз-Джрий урыс щэнхабзэми и хамжьым.

Пушкин, Белинскэ сымэ хуэдэ цIыхуэхуэхэм къагъэльэгъуащ Іэзагъэр зэфIэкIэ иIэу ар рыс тхакIуэ цIэрыIуэхэм я сатырым зэрыхэувар. АтIэ ауэ нэхъ абы и ІыгъыпкъэмкI, Къаз-Джрий дгъэльапIэкIэ, кьилэжьа пщIэр хуэтщIыжкIэ ди щIыхуэр тпшныжьыну аракъым. Къаз-Джрии, Пушкини, пIэщIыгъуэ бзаджэм хальхуэ нэгъуэщI цIыху куэди кьыздэхъуэпса дунейм дритетщи, ахэр ди гум хэпльу ди псэм щIыгъун хуейщ. Мыдрейхэр, нэлат зэтхьыжхэри щыIэщ - Бенкендорфрэ абы и Іужажэу щытахэмрэ. СыткIэ дэ дахуей а къомым? Дахуейщ ди нобэм блэкIа лIэщIыгъуэм и жьыуейр кьыщемыпщэн щхьэкIэ, зым и насыпыр кьыщIэкIэ, ар Іущхьэмыжьым панджэ...

Иджы уегупсыс хьунущ и япэ тхыгъэитIымкIэ щэджащэу ящхьтпытэ Къаз-Джрий ауэ сытми тхэн зэрыщимыгъэтыжам, а Бенкендорф дыдэмрэ абы и блигущIэтхэмрэ я зэран къызэрекIам, и насыпыпсыр ІущIэу и кьилэжьа зэрагъэгъуащ. Пушкин Александр дунейм ехыжа нэужь, адыгэ тхакIуэм кьыщIэхущIыжьи, и мурадыр быдэу зы кьыдэзыIыгъын игъэтыжакъым.

Зэманыр кIуэрт, Пушкиныр ягъеижрэ. Сыту зыуэ яфIэкIуэдат ар зимыIэж и ныбжьэгъуэм, Урысейм, усыгъэм и дунейм. Ар хущIыныгъэшхуэу зэрыщытам Іэджи тетхьыжащ, Іэджэ гъыбзи хуащIыжащ, ауэ Лермонтовым хуэдэу а хущIыныгъэр куууэ зыхьыуигъащIэу зыри абы хуэусэфакъым. Лермонтовым занщIэу кьыщIат ер зи пэм кьыIащ икIи и сатыр мыубзэщхъуэхэмкIэ ар хуигъэзащ шугуанэ и бжьыб...

Зэманыр кIуэрт, Пушкиныр хъущIэрэщIжьурэ... Лермонтов Михаил фIыуэ ильъэгъурт абы и фэеплъ щIыпIэхэр, зыхуэзэу щыта щIыхуэхэр. ЗэрымыщIэкIи къэхъуа Іуэхуу кьыщIэкIынтэкъым Лермонтовым Къаз-Джрий кьызэрицIыхуар, ахэр ныбжьэгъу зэрызэхуэхъуар. Ахэр щызэрыцIыхуащ Муравьевхэз, абы и ужькIи зэрыгъэгъуэщакъым.

Лермонтовым и Іащщэр зыджьыж щIыныгъэ Іэзэ Андронников Ираклий «Къэхутэныгъэхэмрэ къэдгъуэтахэмрэ» зыфIища и лжьыгъэшхуэм дызытепсэльыхь Іуэхум и пIэпкъуэ ебгъэхуэ: «КъаIэм ахэр щIэх-щIэхьыгъэ щызэхуэзэт Пащтыхь Къуажэм, лейбг-гусархэр игъэныбжьэгъуу Муравьев куэдрэ зыщыпсэуам. Муравьевхэр куэдрэ еблагъэу щыта Лермонтовым зейм ещхьыкIэбзэгу ищIат Муравьев и сурэтыр. Абы къыщыгъэльэгъуат жыг щIагъым щIэс щIалэ къуданыр, и щхьэцIыгъуэ Іувыр дзэльэцIейуэ».

Кавказым зэхъуэкIныгъэщхъуэхэр къыщызыгъэхъуну щIэхьэпсэ поручикым и Іуэху епльыкIэхэр къыдэзыIыгъын хьэзырт ныбжьэгъу хуэяхуари, а тIур зэрегъэззэщыртэкъым, зэрыужэгъуртэкъым. Кавказым щыщIэн, щылажьэн хуейкъэ я гугъу ящIуэ зэманыр блэпльэтырт...

Сурэтыр **ГАГАРИН** *Григорий ищIащ, 1836 гъэ*

1841 гъэм Къаз-Джрий и кьулыкъу щIалIэр екъуэж. Майор хуауэ ар ягьакIуэ Нижегородскэ драгун полкым. Абы и пэкIэ Лермонтоври декабрист Якубовичи я дзэ дыдэм хэтащ. Зы ильъэдокIри, адыгэ щIалэм Кавказым щыIэ Хопёр къэзакъ полкыр и хэщIапIэ мэхъу.

Пушкин Александр дунейм зэрехьыкрэ илъэси 100 щрикъум хуэзэу «ЩIэныгъэ» тхьилъ тедзапIэм Экстмэнрэ Цвлвовскэмрэ я редакторхэу тихьа къышыщдакIащ, урыс усакIуэшхуэм и Іащщэм щыщ Іуэхуэгъуэхэр щызэхуэсащ. Ар зыгъэхьэзырахэм ящыгъупщащым Пушкиным и «Современникым» зи тхыгъэ тезыдзэу щыта Къаз-Джрий СультIани. А тхьилъым зэрытемкIэ, Къаз-Джрий «полковникщ икIи флигель-адъютантщ». Урысейм и къэрал унафэщIхэм дипломатие Іуэху зэрихуэну и хэку ягъэкIуэжауэ абы щыхуэ ирахьри ягъэлIащ лъэпкъ зэхэгъэжь зыщI мыспIымэнхэм».

Тхьилъыр зэхэзыльхьахэм апхуэдэ Іащщэгъэщ дэнэ къраха? Къаз-Джрий щхьэуэ ирахьу ягъэлIакъым. 1843 гъэми зы лажьэ имыIэу псэуащ. Абы и закъуэ? 1843 гъэм ар иджыри майорт, полковникри флюгель-адъютантри хъуэтакъым. Дауи, Къаз-Джрий зыхагъэзэрыкIыр Хьан-Джрийщ. Араш дипломатие Іуэху зэрихуэу 1837 - 1839 гъэхэм Кавказым щхэуу щыIа гупым и унафэщIу щытар. Ауэ мыбдежьым щыкIыжи хуейщ адыгэ щIэныгъэлIэу езым фIэфI Іуэхум нэхъыбэгу зэрелэжьар; адыгэхэм я псэукIэм, я хабзэхэм, я Іуэрыуэтэм теуухуэ кьуэд абы зэрызэхуихьэсар, иужькIэ и тхыгъэхэм кьызэрыщIагъэсэбэпыжар.

Бытырбыхэу къигъэзэжа нэужь, и уэзышагъэр зэрымыщIагъуэжыр щхьэусыгъуэ ищIри, Хьан-Джрийрэ къыхэкIыжащ дзэм, и хэкум къигъэзэжащ. Тхэным гу хуищIэри я къару илъыгъуэу дунейм ехыжащ 1842 гъэм. Зыщыпсэуар Екатеринодарщ. Хьан-Джрий зэрыльыкIам и пэжыпIэр тэмэму зыми ищIэркъым, ауэ Бурнашевым зыхуигъэфащэр мыращ: «Мусульмэн диным зи нэр къыщыхэпрыуахэм куэд щIауэ Хьан-Джрий хуаIэт гужьгъэжь. Зэгуэрым ар, ерэн щIыхэфIымкIэ и псыхуэлIэ иригъэкIри, Іэфiу жеят, пыгуфIыкIыжу, жеят зи къэмышыжьыну: дин лэжьакIуэхэм ар яуклащ щхъухъ зыхадзэ ерэным ирагъафэрэм».

Хьан-Джрий и къуэдкIар апхуэдэмэ, мыбдежьым псори щызэтохуэ: щыIа илъэсри (1842 гъэм), кьулыкъуфIэ ар зыхуэнэсауэ щытари (полковникит икIи флюгель-адъютант), 1837 - 1839 гъэхэм Кавказ бгы-рыскэм я деж щигъэзащIа пажьыгъэри.

Къаз-Джрий 1843 гъэм и кIэм подполковник хъуэ кьудеит. Абы ирихьэлIэуи тхэным зэрелIэ-плIэж щыIэтэкъым.

1846 - 1849 гъэхэм, полковники хъуэуэ, Кавказ линэм щыIа дзэхэм ар хэтащ, гуп гуэрхэм я унафэ щыту. Я щIыкIэ абы и унафэм къыщIагъэувэ ЕтIуанэ къэзакъ полкыр, нэхъ иужьыIэкIэ и Іэмыщ щIэкъ ящIыну. Ар зыщIэлIейтей Іуэхуэгъуэхэм я щIыкIэ щапхъэ къэбгъэщIэжыну и Іуэхуэщ. Ар осетин щIэныгъэлIым апхуэдэ кьыхуэгъуэтакъым.

ЕпщIыкIубгъуэна лIэщIыгъуэм и 50 гъэхэм Къаз-Джрий Кьэрэшейм ягьакIуэ Кавказ кьурушхэм кIуэцIрыша гъэгур, Лабэрэ Псыкьэрэ зэпызыщIар, зэриГъэпэщыжьыну. Кавказ линэм и ижьрабгъу льэныкъуэм и дзэ Іэтащхьэ генерал-лейтенант Филипсон 1858 гъэм бадзэуэгъуэ мазэм и 25-м пщы Барятинскэм ягъэкIуэ Кавказ кьурушхэм кIуэцIрыша гъэгур, Лабэрэ Псыкьэрэ зэпызыщIар, зэриГъэпэщыжьыну. Кавказ линэм и ижьрабгъу льэныкъуэм и дзэ Іэтащхьэ генерал-лейтенант Филипсон 1858 гъэм бадзэуэгъуэ мазэм и 25-м пщы Барятинскэм хуитха рапортым щыжеIэ: «Псыкьэ Ищхьэ округым и дзэ Іэтащхьэ полковник Къаз-Джрий СультIан ротитI, бгы топгъауэу зы взвод (къэзакьищэрэ милицищэрэ хъууэ) щыIэуу Теберда Ищхьэм и Іэтъэблагъэхэм гъунэжу кьыдэкIуэ мазэр пиупщIуэрэ, ухуэныгъэм ирахьэлIэн пхъащхьэ Псыжь кьэрыгерьэхьэх».

50 гъэхэм и кIэм Къаз-Джрий яхэтащ зекIуэ екьэхэм. Зэхэуэ щыIаехэм кьахэжьаныкIа кьыщIэкIынти, абы къратащ «ЛIыгъэ зэрыхэтым папщIэ» жиIэу зытетха дыщэ гъэнэфагъэр.

1859 гъэм Къаз-Джрий чыристан диным йохьэ, абы иужькIэ мазэ зыбжанэ докIри, ар генерал-майор ящI.

1863 гъэм мэлыжьыхь мазэм и 11-м дунейм ехыжащ япэ адыгэ тхакIуэ, урыс генералыр.

ЕДЖЭУИ уегупсысыж хъунущ Къаз-Джрий СультIан къиГъэщIа Іащщэм. Псэуху зи диныр зыхъуэжам, и льэпкъыр Іисраф ящIэжм джатэ кьиха зыIыгъыу яхэтар, пащтыхьым и нэфI кьиГъыхъуэуурэ, кьутыжьуэ зыубыдар, напIэмрэ цIыхугъэмрэ емызэгъ нэгъуэщI кьуанщагъэ Іэджи зыщIар «дыщэу» кьэпльытэныр емыкIыщхуэ хъунт. Хэт ищIэр, мыжурэкIэ щIащыкIа адыгэ, кьэрэшей жьыпагъэхэм, топышкIэ кьагъэсхьыжа унагъуэхэм, зи сабийхэр хэкIуэда анохэм абы тыбзыбгъэр хуагъэшу, пу нэлат ирахьу щытами. «НтIэ, сыт абы щхьэкIэ? Пащтыхьым и зауэлIри унафэр игъэщащIэт», - жеIэнщ зи гугъу тщIа гуаузм хуэдэр зы-мыгъэунэхуа гуэркIэм, щIыбнэфхэм хуэдэу зрагъэльысхьа гъуэ кIыфIыр зэхъэльтыгъэхэм, ауэ апхуэдэу жегъэIэт гитлерыдэм зэрихьа лейр, абы и пIыхъэпльэ полицайхэм я Іуэхущ-фэ фIейхэр зи нэгу щIэкIаехэм. Апхуэдэм и лыр уэнуц, ауэ щыIэщ нэгъуэщIм и гуаузм гурыфIыгъуэ къыхэзыгъэтэхэри. А гуэр щIыкIэтэжыр Іэщ къихакIэ зи лъэпкъым езгъэжар зэи бгъэзахуи бгъэпажи мыхьуну кьыщIобжри араш.

АтIэ апхуэдэхэр зыгъэзахуи бегъымбару кьэзыльытахэри ди такIуэ, тхыдэтхэ нэхъыжьым мыащIэу яхэтащ... Дэри мы тхэтым Къаз-Джрий генералыр щытIэтыркъым, ауэ икIи дгъэльахъэщэркъым Къаз-Джрий щIэныгъэлIыр, тхакIуэр. ЩхьитI зыфIэтым хуэдэт ар - зымкIэ фIым хуущIэжу, адрейм IвI фIэкIа иримыгъэлэжьу. Мы жьтIэри зытетхуар ди лъэпкъэгъу щIэныгъэлIым игъэхъа ІуэхуфIэхэращ. Фы и пэнжыкъуэкIэ зыщIэжьхуэпсар кьехъулIакъым абы.

Ди псалъэм и кIэухыу щыгъуазэ фытщIынущ Къаз-Джрий и лъэпкъэгъуэм, фыщIэ псоми зэрахуэхъуапсэу щытам и зы щапхъэ: 1846 гъэм щыщыкIу зыгъэм ар хэтащ, гуп гуэрхэм я унафэ щыту. Я зэхъ

Фытихъэ (Уй1анIэ)

(1) ГуащIэмрэ гущIэгъумрэ зиIэ Алыхым и пIэкIэ. (2) Щыгъуэр зыхуэфащэр зыхуэдизыр (3) гущIэгъуэр зиIэу (4) Къемэт мэзаем и тепщэращ. (5) Уэрэщ дызыхуэпщылIыр, Уэрэщ дэIэпыкъуэгъуэу дIэри. (6) Бгъэтенъ гъэзэгу захуэу (7) уи нэфI зыщыхуахэр заегъэтым. Пэжыжьэ дыщI уи нейI зыщыхуахэмрэ гъэщщахэмрэ и гъэгум.

Бегъымбархэр

Хьисэ

Алыхь Иным КъурIэным и «Iал-Хьимран» сурэм хэту къыригъэжьащ чыристанхэм Хьисэ бегъымбарыр Алыхым и къуэу зэрыжаIэр мыпэжу кьыдэщыгъэльэгъуа Iэятхэр. Нобэ кьыщIащ Алыхым и къуэр щIа адрей щыхьхэмэ жуагъэу, Хьисэ бегъымбарри и анэри и ныбэм кьыдэрыщигъэщIар. Хьисэм Алыхым и пщыI цIыхухэм ящыщ. Iэдэм бегъымбарыр адэ-анэм кьытемыкIуауэ кьыдэрригъэпсэуам хуэдэу, ари адэмащэу дунейм кьытехьащ.

МУНЭББИХ и къуэ Уэхьб зэрыжиIэжьымкIэ, Хьисэ и анэ Мэрйем и анэ Хьэннэт Зэчрей бегъымбарым и щхьэгъусэм и шыпхъут. Мэрйем и адэр - Хьимран - щIэныгъэ нэхъыбэ зиIэ и щхьэм ящыщт. А зэманым ар Къудус (Иерусалим) м эжджыт льапIэм и Iимам. Хьэннэт уэндэгъу щыхъум, и ныбэм и пщыр щIалэ цIыкIуу кьыщIэкIыну гутъэри, ар Къудус м эжджыт льапIэм щыIуэхутхьэбзащIэу, Тхьэм щыхуэIалажьэу яритыну нэущ ищIащ. Хьыджэбз цIыкIу кьыщIилъхум, нэзыр ищIар кьыдэремыхуэлIар и гуауэ хьужри, жиIащ: «Ди Тхьэ! Хьыджэбз цIыкIуу згъу этар». Ауэ Тхьэм ищIэрт нэхъыбэщ.

- Абы Мэрйем фIэсщащ, езыри и щIэблэрри Уи ней зыщыхуэ щерIаныбм щыхьхьумэ, - жиIэри, ельэIуащ Тхьэм Хьэннэт.

Мэрйем иджыри сабий быдзафэу и адэ Хьимран дуней ехьыжащ. Абы нужьмIэ Хьэннэтри куэдрэ псэужакъым. Зеиншэ къабзэу кьыщынэм, Мэрйем Зэчрей бегъымбарым ипIыну ищтащ, Мэрйем и анэр Зэчрей и щхьэгъусэм и щыпхъутри. Зэчрей бегъымбарыр а зэманым хуэмыщIауэ псэути, Мэрйем кIану кьыщратым, абы зыкьидиуэзыщIауэ кьыдэутэжыр.

Мэрйем хьыджэбз тыкIыр къэхъури, Зэчрей абы мэжджытым пэш щхьэ хуэ щыхупищIыхьащ, и закъуэу Тхьэм щыхуэ згъэжьну.

Алыхь Iуэдэу Мэрйем мэжджытым щIэсурэ, кьыдэжIуэтэри, гонриэмэрэ хэт и дежкIи (мусылъмэнхэм я дежкIи) зэрышынагъэр. Апхуэдэу щыщыткIэ, мусылъмэн диным и лэжьакIуэхэр эзи хуэмыдэжу зэкъуэувэн, жуаргъыбзыгъэ яхэпIуу загъыбмыгъэм пэщIэувэн хуейщ. Абыхэм я кьалэнщ ислъамыр зыхуэдэмрэ зищIысымрэ щIыхуэхэм фIыуэ кьыгурагъэIуэну, щыуагъэ зыIэщIэхIэхэр, «экстремизм» жьыхуэIэ уэзыфэ бзаджэм игъэтуащIэжкIэ гъэгу зэрагъэувэжьыну.

Иджкьпсту лэжьыпхъэхэр гъунэжщ. Абыхэм ящыщу гу нэхъ зыпIытапхъэщ къэралымрэ динымрэ я зэхущытыкIэхэм хэлпIэжьын. Къэралыр дин Iуэхущ Iэхэм нэхъыбфIу кьащIэхьащIжьын, дин зэмылIэужьыгъуэхэм я тхьэдэр Iущагъ хэлъу школхэм щегъэджынымр кьыдэгъэпэщын зэрыхуейр.

КъищынэмыщIауэ, мусылъмэн щIэныгъэлIхэм, узэщIакIуэхэм, Iимамхэм я гъжьыгъэ щы я пIэныкъуэкIи щIэгъэхуэбжьапхъэщ, гупытэ хэха щIапIэгъуэлIэм хуащIыным хуэгъэзащIэу. Абыхэм екъэкI-къеуэкI хэмылIу зэIущIэхэм щыжаIапхъэщ ислъамырэ залымэкъэхэмрэ я Iуэху зэрызэхэмылIыр, мусылъмэнхэр терроризмэм зэрибийр, мамырыгъэр хъумэным, пIэпIкъэм, кьэрапхъэм я IуэхущытыкIэфIхэр дэтынымк ущIэкъуэнымрэ, я мурадхэр зрагъэхьуIуIэфын хуэдэу, зэфIэкIуэрэр я1э?

- Уэхьхьэбитхэр, ди институтым щIэтIыкъэну я мурадуэ къыщыгъэкIуэкIэ, быдэу яжьдоIэ мыпхуэдэу: «ФыкъуэгъэщIэжнэр суннит мэхъэбфилIырщ. АбыхэмкIэ фымыарзымэ, нэгъэщIгуэрэр хъэфIыхьхуэмэ, ди еджапIэм пIэмгъэнгъуу фыкъемыкIуалIэ».

Дэ ДиIэщ къэралым и лицензи. Зэредгъаджэ программэр зэхэтIыхьащ щIэныгъэлIхэр ди Iуэхущапхъэм и лэжьакIуэхэмрэ ди дэIепкъуэгъуэ. Къэрал хабзэхэм дадогъэгурыкIуэ. АбыкIэ акъылэгъу кьыддэмыхъуэрэ зидгъэсъэрыкъым.

Иджыблагъэ ди егъэджакIуэхэм ящыщ щыр, динымкIэ щIэныгъэ зиIэр, и лэжьапIэм IудмыгъэкIыжу хуэкъым - и дерсхэр дыхьхэмейт. Абы и гъусэу еджапIэм щIэддзыжащ студент зыбжанэ. Сыт щхьэкIэ? Кьайгъэ кьаIэтыну жаIэрти. Дэ зыкIи дахуейкъым апхуэдэжьым.

Щытыкъэр щынэхъыфIкъым нэгъэщI еджапIэ нэхъыщхьэхэми. Куэдым кьагурыIуэкъым и дерсхэр зыбгъэмыдэ, Шафиий мэхъэбым тету. Наллыкъ дэт еджапIэ нэхъыщхьэм гулытэ хэха зыхуищIынур Хьэнэфий мэхъэбырщ. Дыкъагъэгугъащ дэтхэнэ еджапIэри зыхуеину псомкIи ехьаралым тхуэзщIинуэздэну.

МУСАЕВ Мусэ.
«Северный Кавказ».

Динар - мамырыгъэщ

Ислъамыр гъащIэм, цIыхугъэм, мамырыгъэм, нэгъэщIагъэм, гъэдэм я хэкIыпIэщ. Алыхьу тхъэлам КъурIэн пхъапIэм щыжеIэ щIэныгъэ зиIэхэм дигуэхэр дгъэнщIыпхъэу дунейм дыкъэшыщтехьэм ди псэм кьыхалъхьа нэхугъэ мыкIуэщIхэмкIэ - гущIэгъэкIэ, гупагъэкIэ, нэмыскIэ - дыкъыхуредж мамыру, дызэгурыIуэу, пщIэ зэхуэтщIу дызэдэпсэуну.

МАМЫРЫГЪЭ... Аращ ислъам диным и лъабжьэр. Аращ щызэIущIэкIэ мусылъмэнхэмрэ мелыIыч хэмрэ фIэхъуэ зэрыгъэрахьр. Аращ «мусылъмэн» псалъэми кьикIыр. Ар хэтщ Алыхьу тхъэлам и цIэ 99-м. Аращ жэнэтым и пкьыгъуэ нэхъыщхьэри, ислъамым и купщIэр зыхуэкIуэжри.

Мамырыгъэм хэлпсэукIыну хуитыныгъэ яIэщ цIыхуу мы дунейм тет псоми, я диным, я фэкIэ зыхуэдэм е зыхэс лъэпкъым зыкIи емылытагуэ. Абы теухуауэ Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуэ Мухьэмэд бегъымбарым жиIэгъащ мыпхуэдэу: «Фlощхьэныгъэ нэс зиIэу кьэплъыгъэ хьуиур зи гъунэгъуэм мамыру икIи тыншу ядэпсэурщ».

КъурIэн лъапIэм итщ мыпхуэдэ псалъэхэр: «Алыхьым жиIакъым ди диным цIыкIэ кьыдэмыязуэхэм, фи хэкум фыкIыдзымыхуэхэм фIыуэ фахуищымыт жиIэу. Алыхьым и цIэсащ захуэхэр». *(Сурэ 60, Iэят 8).*

Ислъамыр гъащIэм, цIыхум и псалъэм, и фIэфынымгъэхэм я гъэчIащ. Абы игъэдурыкIым цIыкIуэм я зэхуэкъым кьыдэхуэ зэныкъэкъунымгъэхэр, гущIэгъэщIагъэ зыжьэ зэрыхьэзэрийхэр. Мусылъмэныгъэм езэгъыкIым щIэпхъэджагъэр, цIыхур хэгъэзыхьынымр, гъпудынымр, диныр зэрахьэн хуейуэ зыгуэрым пэубудынымр. Ислъамым фIэщъхьныгъэ нэсу ибжыр цIыхум арэзыуэ, гурэ псэкIэ фIэфIу кьыщтэщ.

Пэжщ, Шэрихьэтым и хабзэхэр зэрагъэзащIэ щIыкIэм теухуауэ мусылъмэнхэм я Iуэху еплъыкIэр щызэтемыкIуэ кьохъу, ауэ, ди псалъэм кьызэрыхэдгъэщащи, ахэр хуиткьым я фIэщъхьныгъэр кьащтэжу нэгъэщIхэр хагъэзыхьыну. Дэтхэнэ цIыхури хуитщ ДыкъэзыгъащIам и хабзэхэр хьакIиными ешьн нэхъ кьащтэ нэгъэущI гъэзгу теувэнуми.

Алыхьу тхъэлам КъурIэным щыжеIэ мыпхуэдэу: «Диным хэгъэзыхь хэпъ хьунукъым, гъэзгу захуэр гъэущанигъэм кьыхэнэIукIащ...» *(Сурэ 2, Iэят 256).*

ДкIыкъэзгъэщIам и фIыцIагъэ гъапIэм Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуэ Мухьэмэд бегъымбарыр кьыхуредж мыпхуэдэу жиIэну: «Фо фи дин фIэIэкIщ, сэри си дин сиIэкIщ». (Сурэ 109, Iэят 6).

Ислъамыр зэрыщIыпхъэ, Тхьэм и нэфIыр зыщыхуэ Мухьэмэд бегъымбарымрэ хьалиф пэкхэмрэ я зэманым кьыщыщIадзауэ мусылъмэнхэм гъэзгу яIэщ чыристанхэри, иудейхэри, мажусийхэри, фIыуэ яхущытщ зи диныр егупъуу, гурэ псэкIэ хьэлэлу зыIыгъхэм.

Ислъамым гъэныхьшхуэу кьелъытэ цIыхуу хейр букIынымр. Абы теухуащ КъурIэным и мы псалъэхэр:

«ПIэ зымыIэна е бзаджэнаджагъэ зымыща цIыхуу зыукIым дунейм цIыхуу тетыр иукIа хуэрэ, зыщхьэрыгъэ, зыщхьэ, зыщхьэ, зыщхь

ЗЫГЪЭТКЪУЖЬ МАХУЭМ
Малъхъэдис

● Псалъэжьхэр

Мылэжьэф и гуахъуэкI

♦Бажэр зытраукIэр и фэщ.
♦Бжьэхуцым мафIэ пхухэгъэпщкIуэнукъым.
♦Зи Iуэху мыхъуным фэидибгъу кIэрыщIащ.
♦Мылажьэф и гуахъуэкI бэлацэщ.
♦Дунейр гъуэрыгъуэ шэнтщ.
♦Дзэр куэдрэ узмэ, Iуач.
♦Жыгым къупыкIэр и уасэщ, цIыхум и уасэр и лэжьыгъэщ.
♦Куэдрэ щыта махъэсмэр къыщIеху.

● Цыкlуэхэм папщlэ

Малил и блэ шырыр

Дыгъэ зригъэуу, лIы кьамылыфэ гуэр, МалилкIэ ефж зу, я б жэлупэм здыуСым, блэ шыр цIыкIу кьыбгъэдэпIщхьащ. Малил игъэщIэгъуащ апхуэдэу мышынэу блэр гъунэгъуу кьыззэрыбгъэдыхьар. Блэр зэрыщIысым хуэдэу кьигъанэри, лIыр унэм щIыхьэжащ. Щыкьуеуи гуэрхэр кьыщIихри, мо кьепщIыла блэм хуипхащ. Блэ шыр цIыкIур, лIым кьыхуипхьар кьищIыпри, зиIуанIэ-зищанIэу Iупщыжащ. ЕтIуанэ махуэм а щIыпIэ дыдэм щыкьуеи ныгъыу лIы «кьамылыфэр» кьэтпысащ. Мэр кьыщIихьам хуэдэу, блэ шырыр куэд дэмыкIыу кьепщылIэри, кьыхуипхьар зэщIищыпащ. Апхуэдэу рэ, Малил блэ шырыр игъашхэуурэ, ин хьуащ... Ин хьуакIэ хьуат, ауэ мо здигъэзэжьым адрей шырхэм яхэзэуухэу хуежьащ. Ар анэм идэнт, имыдэу Емызэгъ зыфIища и шырым ящIыдэр:

- Уи кьуэшь эмрэ уи шыпхьухэмрэ щхьэ уезэуэрэ? КьыхухэмыщIэр зыщ: дэнэ кьипхрэ апхуэдиз кьару? Псори зэхуэдэу фызогъашхэ.

Емызэгъ щIогуфIыкIри, жэуап кьет:

- Уэлэхи, ди анэ, уэ сыбгъэшхым фIэкIа сымыхуэду зыщтамэ, зыми сытемыкIуэнт.

Блэ анэм сыт хищыкIрэт ар Малил зэригъашхэм.

- Сэр нэмыщIа хэт-тIэ у зыгъашхэр? - иоупщI и шырым анэр.

- Зи лъапсэ дыщыпсэу Малил деж сепщыIэуурэ, сегъэтхъэж.

Блэ анэр зи лъапсэ щыпсэум деж кIуэри, жриIащ:

- Малил, уи лъапсэм, ди гугъу кьыумыщIыу дыззэрыщыбгъэпсэм и мызакъуэу, сымыщIэуурэ уэ си шырыр схуупIащ, ин схуупщIащ, иджы уэ зыгуэркIэ сэбэп сыпхуэхъужьи хуеиуэ кьызольытэри, мы ныбжеСэнэм кьедаIуэ. Дунейм кьуалэбзууи хьэкIэхъуэкIэуи тетым мыIауэ псэху сиIэнукьым, - кIэрохьыжьхэ фыз ерыщIыр лIым.

- Хьунц-тIэ. Ауэ ятпэ щIыкIэ сэдэкъэ зэрысхуэпщIыжьыну мэлхэр къэсхуэжьынщ, - жиIэри зи щэхур зыIуэр эжу, зи IэкIэ зи псэр хэзыхьыжьну хуежьа Малил шым тетIысхьэри дэкIащ.

Мэлхэр кьыщихужьым, зы щынэ цIыкIу дунейр хуримыкъуу дэпкIейрт-дэльеиёр.

- Мыпхэудизу щхьэ уета? КьыпщыщIар сыт? - иоупщI джэдэкъужьыр дунейр зыхуримыкьум. - Малил лIэнуфIи, дэ сэдэжьэ дащIыну дахужьу аращ.

- Малил лIэнукьым, дэри дауклынукъым, ауэ уэ зыр ар псэууэ кьыззэрынэнут щхьэкIэ, тхьэпIэуIу ныщу ауукьыну аращ.

Ар псори Малил зэхэс: «Мыр дауэ, иджыпстэ пщIантIэм сыззэрыщIэсыжу сыIэнущ, мы щынэм жиIэхэр сыт?» - зоупщIыж игукIэ ар.

Кьуэбжэгъэм щыIухьэжам, адакъэжьым зы джэд кьыдиухауэ техьупщIыхьт:

- Фэ джэд щэныкIу я фыхьу ми, фыкьыззэмыдаIуи фепIлыгъ. Ило, зи фызым щыIныгэу сэдэкъэ хуащIыну мэлхэр кьэзыухьжьым сеВгъэщхьауэ ара? - жеIэри адакъэм ятпэ иту джэдыр дехуэж.

Арати, а кьомыр зэхэзыха Малил пщIантIэм дохьэж, и фызыр щыгъуэгуфIэ ирешэжри, «Си псэр сIуту дунейм сытетыкъ зыкIи афIэкIа сыноупщIыжьынкьым», - жиIэху еубэрэжь.

ИужькIэ псэууэ кьиззэрынам папщIэ, джэдэхъужьыр тхьэпIэуIу ныщу еуэкI, гъунэгъуэр зэхуеиэсэри еГъэтхъэж.

Абы иужькIэ зэлIэсфIащIэ тхьэуэ псэууэ кьонэж, псалъэмакъ лъэпкъи ямыIэу, я псэри зы чысэм ильу.

ТАУ Нинэ.

● Жыlэгъуэхэр

Сыт дэрэжьгъуэм къыщэкIуэр?

◆ЖьакIэ тхъуам тхъупсыр тебгъэлъадэми, фIыщIэ хъужьыкъым.
◆Зауэ-банэ ильэсищэ ихъэрэ зы мамыр махуэ.
◆ИльэсыщIэр къэблэгъа нэужь, абы псори щогуфIыкI, псейм нэмыщIа.
◆КIэнауэ лэпкъхьэкIэ, гъащIэм лъэужь кьыщыбгъэркъым.
◆ЛIыуэ пащIэ тетщ, жаIэ, ауэ пащIэ зытемыт лIыи щыIэщ.
◆Махуэ кьэс щIыхуэ кьэсщIэтщ, тыжьи хуейуэ щымытамэ.
◆Мэзым щIэсхьэкIэхъуэкIэхэмэ хабзэ гуэр яIэщ: ихъэ лъэщыр тещIащ.
◆Пользщэм и лъэпкъ махуэшхуэщ.

НАКЬЫГЪЭМ и 4-м

●1924 гъэм Налшык республикэ мыхьэнэ зиIэ курорт хъуащ.
●1959 гъэм Налшык газ кьащэу щIадзащ.
●Латвием и лъэпкъ махуэшхуэщ.
●Ильэс 200 ирокьу адыгэ уэзэщIакIуэ, «Шэрджэсыбэзэм и букварыр» зэхэзылъхьа Бырсей Умар К1ыз эрэльхуурэ. 1894 гъэм дунейм ехьажащ.

НАКЬЫГЪЭМ и 5-м

●1836 гъэм Бельгием Европэм щыяпэ дыдэу гъуэгу гъуэгу щатащ.
●1945 гъэм Прагэ нэмыщI фашист зэрыпхъуакIуэхэм я бийуэ Iэщэкlэ зэщIэуэзэда цIыкIуэхэм зыкьыщIэтащ.
●1945 гъэм советыдзэм Дониемрэ Нидерландэмрэ хуит кьиущIыжащ.
●1949 гъэм Лондон Iэ щытрадзащ Европэм и Советым и Уст авым.
●Ильэс 95-рэ ирокьу адыгей тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ Пэрэныкьу Мурат кьиззэральхуурэ. 1970 гъэм дунейм ехьажащ.

● Махуэгъэпс

Дызыхуэкlуэ мазэм

●И ныбжьыр ильэс 70 ирокьу экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, Урысейм ест-ественнэ щIэныгъэхэмкIэ и академием и академик, Адыгэ Республикэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Апышэ Абрэдж.

НАКЬЫГЪЭМ и 6-м

●1939 гъэм Налшык кьыщIэуIахащ шыгъэжанIэ (ипподром).
●1936 гъэм кьалъхуащ адыгэ философ, тхакIуэ, социологие щIэныгъэхэм я доктор, АКЬУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик Хьэгъур Айтэч.

НАКЬЫГЪЭМ и 7-м

●1895 гъэм урыс физик Попов Александр япэу радиоприемник къигупсащ.
●Ильэс 80 ирокьу Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и япэ нэхынэхэм зэрыщIидзэрэ.
●1985 гъэм Налшык Хэку зауэшхуэм и орденым и езаНэ нэгъэщIэр кьыхуагъэфэщащ.
●1990 гъэм КьБР-м и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ организацэр кьыззэрагъэпэщащ.
●Связым и Iэнатlэ псоми я лэжьакIуэхэм я махуэщ.
●И ныбжьыр ильэс 50 ирокьу адыгэ сурэтыщI Пщыхьэщlэ Хьэсэнбий.

НАКЬЫГЪЭМ и 8-м

●1944 гъэм фашист Германием зыкьыщэритымкIэ актым Iэ традзащ.
●Жор Плъыжьымрэ Мазэ ныкъуэ щхьэнтIэмрэ я дуейпсо махуэщ.
●Чехием и лъэпкъ махуэшхуэщ.

НАКЬЫГЪЭМ и 9-м

●ТекIуэныгъэ иным и махуэщ
●1945 гъэм ягъэуваш «За победу над Германией в годы Великой Отечественной войны 1941 - 1945гг.» медальр.
●1945 гъэм советыдзэхэм хуит кьащIыжащ Чехословакием и кьалащхьэ Прагэ.

НАКЬЫГЪЭМ и 10-м

●1916 гъэм кьалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь, кхъухьлъатэзехуэ хахуэу щыта Бэгъуэныкьуэй Назир. 1975 гъэм дунейм ехьажащ.
●Ильэс 70 ирокьу уэсакIуэ Хьэцlыкlу Хьэсэн кьиззэральхуурэ. 2003 гъэм дунейм ехьажащ.
●Анэм и махуэщ.

НАКЬЫГЪЭМ и 11-м

●1943 гъэм КьБР-м ПромышленностымкIэ и управленэр кьиззэрагъэпэщащ.
●1939 гъэм Японием Монголием теуащ.

НАКЬЫГЪЭМ и 12-м

●1917 гъэм Абхьазым и цIыхубэ тхакIуэ Шинкубэ Багъурат кьалъхуащ.
●1954 гъэм Налшык политехническэ техникум кьыщIэзэIуахащ.

НАКЬЫГЪЭМ и 13-м

●1783 гъэм Урысейм и хьэфIэ флотыр кьиззэрагъэпэщащ.
●1913 гъэм Дзэлыкъуэ мэкъумэзыщIэхэм зыкьалэтащ.

НАКЬЫГЪЭМ и 14-м

●1692 гъэм ятпэ урыс зауэ кхъухьыр псым трагъэхьащ.
●И ныбжьыр ильэс 70 ирокьу экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэ-хэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, профсоюз лэжьакIуэ, КБР-м и Парламентым и депутат Тау Пщыкьан.

НАКЬЫГЪЭМ и 15-м

●1953 гъэм Москва метро къыщIызэIуахащ.
●Ильэс 65-рэ и пэкIэ (1942) 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр льэпкъ шууей дивизэр зауэм IухьащI.
●1945 гъэм Югославиер хуит кьащIыжащ.
●1919 гъэм кьалъхуащ КьБР-м гъуэзджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, драматургщIэрыIуэ Акъсырэ Залымхьан. 1995 гъэм дунейм ехьажащ.
●И ныбжьыр ильэс 65-рэ ирокьу техникэ щIэныгъэхэм я доктор, РАЕН-ми ЩIДАА-ми я академик, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и тхьэмадэ Иуан Петр.

НАКЬЫГЪЭМ и 16-м

●1954 гъэм Налшык кьыщIэзэIуахащ украин тхакIуэ Вовчок Марко и фэеплъ.
●1808 гъэм кьалъхуащ адыгэ тхьдэтх, этнограф, тхакIуэ Хьан-Джэрий Султlан. 1842 гъэм дунейм ехьажащ.
●Ильэс 90 ирокьу КБР-м щIыхь зиIэ и артистэ Щхьэгъэпсо Таужан кьиззэральхуурэ. 1992 гъэм дунейм ехьажащ.

НАКЬЫГЪЭМ и 17-м

●1944 гъэм Кьрым АССР-р щIымыIэж ящIащ. Кьрым тэтэр мин 200-м нэс щалъуа щIыпIэхэм ирашауэ щытащ.
●Ильэс 90 ирокьу Урысей Федерацэм и цIыкIубэ артистэ Дыщэжь К1ынэ кьиззэральхуурэ. 2004 гъэм дунейм ехьажащ.
●Электросвязым и дунейпсо махуэщ.
●Норвегием и лъэпкъ махуэшхуэщ.

НАКЬЫГЪЭМ и 18-м

●1764 гъэм Петербург кьыщIэзэIуахащ Урысейм и ятпэ цIыхубэ еджапIэ (Смольнэ институт).
●1925 гъэм кьыззэIуахащ Адыгэ Республикэм и льэпкъ музеир.
●И ныбжьыр ильэс 75-рэ ирокьу физикэ-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КьБКъУ-м и профессор, УФ-ми КьБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик Хьуэкlуэн Хьэзрэтэлий.
●Музейхэм я дунейпсо махуэщ.

НАКЬЫГЪЭМ и 19-м

●1943 гъэм СССР-м и ГЮ-м БахьсэнГЭС-рэ зэфIэгъэувэжьным теухуа унафэ кьиштащ.
●1985 гъэм Налшык кьыщIэзэIуахащ Сабий творчествэм и унэ.
●1991 гъэм Налшык кьыщIэзэIуахащ Къэбэрдей льэпкъым и ятпэ конгресс. Абы и ятпэ Президенту хахащ Къалмыкъ Хьэмэзт и кьуэ Юрий.

НАКЬЫГЪЭМ и 20-м

●1875 гъэм Париж кьыщащтащ метр, литр, килограмм пщыгъэхэр.
●1939 гъэм ягъэуващ «КьБР-м и цIыхубэ артист», «КьБР-м гъуэзджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КьБР-м щIыхь зиIэ и егъэжьакIуэ» цIэ льэпIэхэр.
●Ильэс 80 ирокьу тхьдэ щIэныгъэхэм я доктор, КьБКъУ-м и профессор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Гугу Рэшад кьиззэральхуурэ. 2002 гъэм дунейм ехьажащ.

●Камеруным и лъэпкъ махуэшхуэщ.

НАКЬЫГЪЭМ и 21-м

●1864 гъэм увыIащ ильэси 100-м щIигъукIэ екIуэкIа Кавказ зауэр.
●Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъ махуэщ (1994 гъэм ягъэуващ).
●2004 гъэм Налшык кьыщIэзэIуахащ Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъ.

НАКЬЫГЪЭМ и 24-м

●1571 гъэм кърым хъан Долгэт-Джэрий Москва кьыщIащ.
●1905 гъэм кьалъхуащ Нобель, Ленин саугъэхэм я лауреат, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм тIэунейрэ и ЛIыхъужь урыс тхакIуэшхуэ Шолохов Михаил

НАКЬЫГЪЭМ и 25-м

●1987 гъэм «Сыбыр» мылкъутэ атом кхъухьыр Полюс Ищхъэрэм нэсащ.
●И ныбжьыр ильэс 80 ирокьу КьБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, журналист Мамбэт Сэлдуэ.
●И ныбжьыр ильэс 75-рэ ирокьу щэрджэс усакIуэ, тхакIуэ Тут Михаил.

НАКЬЫГЪЭМ и 26-м

●1928 гъэм ильэсипI кьэс зэ футболымкIэ дунейпсо зэпеуэ екъэзыгъэдзыным теуха унафэ кьащтащ.
●1995 гъэм кьызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр Къэрал мэкъумэш академиер (КьБКъМА).

НАКЬЫГЪЭМ и 27-м

●1703 гъэм Санкт-Петербург ухуэн щIадзащ.
●1795 гъэм Урысейм Публичнэ библиотекэ кьыщIызэIуахащ.
●Библиотекэхэм я урысейпсо махуэщ.

НАКЬЫГЪЭМ и 28-м

●1923 гъэм Адыгейм и профсоюзхэр кьыззэрагъэпэщащ.
●1928 гъэм Мейкьуапэ кьыщIызэIуахащ Адыгейм и тхыльэ тедзапIэ.
●1931 гъэм кьалъхуащ АР-м, КьБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ, СССР-ми УФ-ми я Къэрал саугъэтхэм я лауреат Шолох овым и саугъэтыр зыхуагъэфэщащ, Адыгэ Республикэм и Гимнэр зытха Мэшбащэ Исхьэкъ.
●Гъунапкъэхъумэм и махуэщ.

НАКЬЫГЪЭМ и 29-м

●1929 гъэм кьалъхуащ литературоведэ, критик щэрыIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и вице-президент, Къэрэшей-Шэрджэсым я ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и гуащэ Бэчыжь Лейла.

НАКЬЫГЪЭМ и 30-м

●И ныбжьыр ильэс 55-рэ ирокьу КьБР-м щIыхь зиIэ и артист, пшынауэ Iэзэ Сэ хьу Хьэсэн.

МЫ ГЪЭМ:

●Ильэс 335-рэ и пэкIэ (1672) Кърым хъаным и дзэр Къэбэрдейм кьыпеуащ.
●Ильэс 295-рэ и пэкIэ (1712) къэбэрдей лIыкIуэхэр урыс пащтыкъ Петр I и дежкIуащ.
●Ильэси 170-рэ и пэкIэ (1837) Москва кьыщыдэкIащ Къуэдзыуэ Лъкъумэн и усыгъэхэр зэрыт «Шэрджэс щIалэм и усэхэр» тхылъыр.
●Ильэси 165-рэ и пэкIэ (1842) Анзор Хьэту (Хьэтуей), Тохьутамыщей (Лашынкьей) кьуажэхэр кьызэрагъэпэщащ.

Зыгъэхьэзырар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

● Псалъэжьхэр

Мылэжьэф и гуахъуэкI

♦Бажэр зытраукIэр и фэщ.
♦Бжьэхуцым мафIэ пхухэгъэпщкIуэнукъым.
♦Зи Iуэху мыхъуным фэидибгъу кIэрыщIащ.
♦Мылажьэф и гуахъуэкI бэлацэщ.
♦Дунейр гъуэрыгъуэ шэнтщ.
♦Дзэр куэдрэ узмэ, Iуач.
♦Жыгым къупыкIэр и уасэщ, цIыхум и уасэр и лэжьыгъэщ.
♦Куэдрэ щыта махъэсмэр къыщIеху.

● Цыкlуэхэм папщlэ

Малил и блэ шырыр

(Гъуэрыкъ)

Дыгъэ зригъэуу, лIы кьамылыфэ гуэр, МалилкIэ ефж зу, я б жэлупэм здыуСым, блэ шыр цIыкIу кьыбгъэдэпIщхьащ. Малил игъэщIэгъуащ апхуэдэу мышынэу блэр гъунэгъуу кьыззэрыбгъэдыхьар. Блэр зэрыщIысым хуэдэу кьигъанэри, лIыр унэм щIыхьэжащ. Щыкьуеуи гуэрхэр кьыщIихри, мо кьепщIыла блэм хуипхащ. Блэ шыр цIыкIур, лIым кьыхуипхьар кьищIыпри, зиIуанIэ-зищанIэу Iупщыжащ. ЕтIуанэ махуэм а щIыпIэ дыдэм щыкьуеи ныгъыу лIы «кьамылыфэр» кьэтпысащ. Мэр кьыщIихьам хуэдэу, блэ шырыр куэд дэмыкIыу кьепщылIэри, кьыхуипхьар зэщIищыпащ. Апхуэдэурэ, Малил блэ шырыр игъашхэуурэ, ин хьуащ... Ин хьуакIэ хьуат, ауэ мо здигъэзэжьым адрей шырхэм яхэзэуухэу хуежьащ. Ар анэм идэнт, имыдэу Емызэгъ зыфIища и шырым ящIыдэр:

- Уи кьуэшь эмрэ уи шыпхьухэмрэ щхьэ уезэуэрэ? КьыхухэмыщIэр зыщ: дэнэ кьипхрэ апхуэдиз кьару? Псори зэхуэдэу фызогъашхэ.

Емызэгъ щIогуфIыкIри, жэуап кьет:

- Уэлэхи, ди анэ, уэ сыбгъэшхым фIэкIа сымыхуэду зыщтамэ, зыми сытемыкIуэнт.

Блэ анэм сыт хищыкIрэт ар Малил зэригъашхэм.

- Сэр нэмыщIа хэт-тIэ у зыгъашхэр? - иоупщI и шырым анэр.

- Зи лъапсэ дыщыпсэу Малил деж сепщыIэуурэ, сегъэтхъэж.

Блэ анэр зи лъапсэ щыпсэум деж кIуэри, жриIащ:

- Малил, уи лъапсэм, ди гугъу кьыумыщIыу дыззэрыщыбгъэпсэм и мызакъуэу, сымыщIэуурэ уэ си шырыр схуупIащ, ин схуупщIащ, иджы уэ зыгуэркIэ сэбэп сыпхуэхъужьи хуеиуэ кьызольытэри, мы ныбжеСэнэм кьедаIуэ. Дунейм кьуалэбзууи хьэкIэхъуэкIэуи тетым мыIауэ псэху сиIэнукьым, - кIэрохьыжьхэ фыз ерыщIыр лIым.

- Хьунц-тIэ. Ауэ ятпэ щIыкIэ сэдэкъэ зэрысхуэпщIыжьыну мэлхэр къэсхуэжьынщ, - жиIэри зи щэхур зыIуэр эжу, зи IэкIэ зи псэр хэзыхьыжьну хуежьа Малил шым тетIысхьэри дэкIащ.

Мэлхэр кьыщихужьым, зы щынэ цIыкIу дунейр хуримыкъуу дэпкIейрт-дэльеиёр.

- Мыпхэудизу щхьэ уета? КьыпщыщIар сыт? - иоупщI джэдэкъужьыр дунейр зыхуримыкьум. - Малил лIэнуфIи, дэ сэдэжьэ дащIыну дахужьу аращ.

- Малил лIэнукьым, дэри дауклынукъым, ауэ уэ зыр ар псэууэ кьыззэрынэнут щхьэкIэ, тхьэпIэуIу ныщу ауукьыну аращ.

Ар псори Малил зэхэс: «Мыр дауэ, иджыпстэ пщIантIэм сыззэрыщIэсыжу сыIэнущ, мы щынэм жиIэхэр сыт?» - зоупщIыж игукIэ ар.

Кьуэбжэгъэм щыIухьэжам, адакъэжьым зы джэд кьыдиухауэ техьупщIыхьт:

- Фэ джэд щэныкIу я фыхьу ми, фыкьыззэмыдаIуи фепIлыгъ. Ило, зи фызым щыIныгэу сэдэкъэ хуащIыну мэлхэр кьэзыухьжьым сеВгъэщхьауэ ара? - жеIэри адакъэм ятпэ иту джэдыр дехуэж.

Арати, а кьомыр зэхэзыха Малил пщIантIэм дохьэж, и фызыр щыгъуэгуфIэ ирешэжри, «Си псэр сIуту дунейм сытетыкъ зыкIи афIэкIа сыноупщIыжьынкьым», - жиIэху еубэрэжь.

ИужькIэ псэууэ кьиззэрынам папщIэ, джэдэхъужьыр тхьэпIэуIу ныщу еуэкI, гъунэгъуэр зэхуеиэсэри еГъэтхъэж.

Абы иужькIэ зэлIэсфIащIэ тхьэуэ псэууэ кьонэж, псалъэмакъ лъэпкъи ямыIэу, я псэри зы чысэм ильу.

ТАУ Нинэ.

● Жыlэгъуэхэр

Сыт дэрэжьгъуэм къыщэкIуэр?

◆ЖьакIэ тхъуам тхъупсыр тебгъэлъадэми, фIыщIэ хъужьыкъым.
◆Зауэ-банэ ильэсищэ ихъэрэ зы мамыр махуэ.
◆ИльэсыщIэр къэблэгъа нэужь, абы псори щогуфIыкI, псейм нэмыщIа.
◆КIэнауэ лэпкъхьэкIэ, гъащIэм лъэужь кьыщыбгъэркъым.
◆ЛIыуэ пащIэ тетщ, жаIэ, ауэ пащIэ зытемыт лIыи щыIэщ.
◆Махуэ кьэс щIыхуэ кьэсщIэтщ, тыжьи хуейуэ щымытамэ.
◆Мэзым щIэсхьэкIэхъуэкIэхэмэ хабзэ гуэр яIэщ: ихъэ лъэщыр тещIащ.
◆Пользщэм и лъэпкъ махуэшхуэщ.

НАКЬЫГЪЭМ и 4-м

●1924 гъэм Налшык республикэ мыхьэнэ зиIэ курорт хъуащ.
●1959 гъэм Налшык газ кьащэу щIадзащ.
●Латвием и лъэпкъ махуэшхуэщ.
●Ильэс 200 ирокьу адыгэ уэзэщIакIуэ, «Шэрджэсыбэзэм и букварыр» зэхэзылъхьа Бырсей Умар К1ыз эрэльхуурэ. 1894 гъэм дунейм ехьажащ.

НАКЬЫГЪЭМ и 5-м

●1836 гъэм Бельгием Европэм щыяпэ дыдэу гъуэгу гъуэгу щатащ.
●1945 гъэм Прагэ нэмыщI фашист зэрыпхъуакIуэхэм я бийуэ Iэщэкlэ зэщIэуэзэда цIыкIуэхэм зыкьыщIэтащ.
●1945 гъэм советыдзэм Дониемрэ Нидерландэмрэ хуит кьащIыжащ.
●1949 гъэм Лондон Iэ щытрадзащ Европэм и Советым и Уст авым.
●Ильэс 95-рэ ирокьу адыгей тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ Пэрэныкьу Мурат кьиззэральхуурэ. 1970 гъэм дунейм ехьажащ.

● Теплъэгъуэ

Сэ льакъуэрыгъажэ кьысхуащхуащ.
Сурэтыр КОЗУБ Валерие *трихащ.*

● Хъуэжэ и хъыбархэм щыщ

Е шыдыр, е хъаныр

Зэгуэрым хъаным шыд тыгъэ кьыхуащIат. Абы ирищIэнур кьыхуэмышIэу куэдрэ егупсыса ящужь, хъаным Хьуэжэ ириджэри еупщIащ:

- Хьуэжэ, сыт сэ мы шыдым ещIэнур?

Хьуэжэ псынщIэу эпилъташ абы и фейдэ кьызэрыхигъэкIынур.

- Зи щIыхьыр ин хъан, а шыдыр ямылейщ. Ар сэ кьызэти псалъэу езгъэжащ. Ауэ абы папщIэ сэ илъэситхУ пIалъэ сыхуейщ, гугъуехьыпщIэми дыщэ ахьшэу сом мин покIуэ.

Хъаныр абыкIэ арэзы щыхъум, Хьуэжэ кьыIалысыр кьищIэри кьэкIуэжащ. Iуэхур кьызэрекIуэкIар унэгъащIэм щыжриIэм, ар кьыхуилъащ:

- Уи щхьэм жьы щыгъэпщэрэ, шыдыр псалъэу есну?

- Дауи, есэнукьым, - жиIащ Хьуэжэ.

- АтIэ ар щыпщIэкIэ, уи щхьэр зытекIуэдэну Iуэхум щхьэ зэпщыта?

- Абы ахъшэу кьыпэкIуар пIыгагъуэ? А зэманым кьрыубдэу е шыдым, е хъаным зыгуэр кьащыщIынщ.

- Уи щхьэм жьы щыгъэпщэрэ, шыдыр псалъэу есну?

- Дауи, есэнукьым, - жиIащ Хьуэжэ.

- АтIэ ар щыпщIэкIэ, уи щхьэр зытекIуэдэну Iуэхум щхьэ зэпщыта?

- Абы ахъшэу кьыпэкIуар пIыгагъуэ? А зэманым кьрыубдэу е шыдым, е хъаным зыгуэр кьащыщIынщ.

Зыгъэхьэзырар
ДЖЭДЪЭФ Аслъэмырзэщ.

● Лъэпкъ щхьныгъуэхэр

Тхьэмщlыгъуныбэ

Былым е мэл тхьэмщIыгъур яхьэж. Щэр, бжьыныр щыкIу-щыкIуу яупщIатэри, абы халъхьэ. ЗэрафIэфкIэ дыщIагъыж бжьыныкъу уба, шыбжий плъыжь хьэжа, шыгъу. А псори зэхуэдэу зэхагъэзэрыхь, итIанэ фIыуэ ягъэхьэбза кIэтIий гъуным ираугъхьэри, и щхьэр щхьэщапхькI, кьиныутIыщыщ папщIэ мафIэдз упэпца хэIуаУэ. А щыкIэм тету ягъэхьэзырра тхьэмщIыгъуныбэхэр, псы кьэжьуалъэм халъхьэри, сыхьэт, сыхьэтрэ ныкьуэкIэ ягъавэ, щывэкIэ абы папщIэ щыкIу гуэркIэ щыпIитI-цым гъуанэ хуэщIыпхъэщ, бахъэм кьыззэгуфыудын щхьэкIэ. ТхьэмщIыгъунабэр Iэнэм щIытыру трагъахьэ, IыхьэI-Iыхьэу зэпыупщIауэ. Абы дашх бжьныкъу шыпс, пIастэ.

Шхыныгъуэр щащIкIэ халъхьэр: тхьэмщIыгъу килограммым хуэзэу щэуэ грамм 250-300, бжьыну грамми 150-200, бжьныкъуу хьэдзи 5-6; шыгъу, шыбжий зэрыхуейкIэ.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар щхьэщэмыщI Изэщ.

● Фэ фщlэрэ?

Чъхъуэмэчъу - Iуэху гуэр кIыхьлIыхь щIын, абы и эфIэгъэкIынымкIэ емыгугъуэ.
Чо - ешэгъу, быдэу уха бжьыхь.
Чыдэкъуэгу - цIыкIуэхэр ириджэгуну чым кьыхащIыкI гу цIыкIу.
Чыл - мэкъу сыт хуэдэкIэ къуэфыхьа чыбжэгъу пщыIэ.
Чылахъстэн - чы псыгъуэ цIыкIу, кьудамэ зыри темыту, езыр лантIэу.
Чымп - чым и ухъэнщIахуэ.
Чыт - щывэкIэ дакъэм щIэща витIым ятпэ итхэр.
Чытхъ - тхыхь зэрыраш Iэмэпсымэ.
Чыщ - пхъэ гъур кIапэ е чыхъ гъур цIыкIу.
ЧыгуIэ - бжьэ матэм безыр кьыдимыгъэхуэ щхьэкIэ, эпрагъэжь чы зэгуэгъэзэ упсахэр.
Шабыр - зи щыр кьыдгъэзэ фэм кьыхэщIыкIарэ кIапэс зэрыхъар кьеIэжкIыжауэ ятпэм ящIу щыта вакъэ.
Шакуэ - безыр щэхуу щагъэжжкIэ, кIэкьиз хьуэкхьуэр.
Шамщихьар - уцIырхьа, зэгъэнщIа, емыпIалIэу яща гуэр.
Шахьышы - Iэщэм икI щэр кIэрахьуэу кIэн папщIэ, абы и кум хуащI дбэыкI.
Шыпщ - щабэщэр зауэу кIэн папщIэ, абы и кIапэм фIэлъ кьащI.
Шэдж -щэкIэ яща хугу хьэнтхъупс.
Шэджэрокуэ - адыгэш льэпкъэм ящащ зы.
Шохуэх - фочыкур зэралъщI е пэрыуэзэ фочхэр щауэздкIэ къыгъэсэбэп гъущI баш псыгъуэ кIыхь.
Шэзкуоу - гудзэм дэкIуэу щэрхь къутам кьэрапхэ пхъэ яе, пхъэбэкъу.

Ди газетым и къыкIэлыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур накьыгъэм и 3-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
ЖьакIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), ГъущIо Зариф, ЖылаСэ Маритэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, егъуэан - ещIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэкъуэмэ Iуэхущ1ап1эхэм я дзэлъэныкъуэ - 42-60-53; кьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ щIыпIэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеи - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1ап1эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщIихьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я нэжагъыкIэ ахэр зытехахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэр зэпхыгъэ щIыпIэ.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхъэныкIыр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.
Газетыр щэныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №ПИ.0065-ми щыгъуэ агъэхьащ.
Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

КъБР-м ЩIихьэзэрэм хьыбарегъащIэ ГънатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэу Дыщэкl Соня, Къанщокъуэ Эллэ, редактору ЖылаСэ Замир, корректорхэу ПхытIыкI Юрэ, Щоджэн Инэ, Табыщ Динарэ. *Компьютеркlэ газетым и тепльэр ящащ:* Дол Маринэ, ГъукIэлI Рае, Щомахуэ Марианнэ, Щакlуэ Мадинэ, *сурэтыщI* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм